Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыдигъэкIа Указ №156-УГ-мкIэ къащтам, и Положенэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УКАЗ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыдигъэкIа Указ №156-УГ-мкIэ къащтам, и Положенэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, 11-нэ пунктым и яп эбзащым хэт «мазищ» псалъэм и пIэкIэ «илъэс ныкъуэ» жиIэу тхауэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2020 гъэм накъыгъэм и 12-м
№53-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым хэтхэмрэ а Советым и президиумым хэтхэмрэ къыщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и УКАЗ

1. Къэщтэн мы Указым щыIуэху:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым хэтхэр;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым и президиумым хэтхэр;

2. Къару имыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыдигъэкIа Указ №156-УГ-м и 2-нэ пунктым и пункт къыдэзхэу «б», «в» жыхуиIэхэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ Советым и Положенэмрэ а Советым хэтхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыдигъэкIа Указ №156-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №51-УГ-м и 1-нэ пунктым и пункт къыдэзэ «б»-м;

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2020 гъэм накъыгъэм и 12-м
№54-УГ

(Указым щыгъу гуэдзэнэр 2-нэ нап. итщ)

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщIалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхъэзыру щытыныкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъуныкIэ зи чэзу Iуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩэхуакIуэхэм я хуитныныгъэхэр хъумэныжмрэ цIыхум псэукIэ тэмэм къыхуэзгъэпэщыныжмкIэ Федеральнэ Iуэхущапхъэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэм 2020 гъэм накъыгъэм и 13-м къыхилъхьа чэнджэщ №007-00-01/09-4841-2020-р и лъабжьэу **унафэ сощI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщIалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхъэзыру щытыныкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъуныкIэ зи чэзу Iуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №19-УГ-м мы къыкIэльыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.2 пунктым:

ещанэ абзацым щыIэр мыпхуэдэ псалъэухар: «.Мы мардэхэр яхуэгъэзакъым щхьэщIещапIэхэм щызэфIах Iуэхутхьбзэхэм, абыхэм я лэжьакIуэхэм я жьэхэмрэ я пэхэмрэ уз зэрыщIалэм зэрызыщахъумэхэр (нэкIупхъуэхэр, респираторхэр) IулъмэщI, Iуэхутхьбзэ зыхуащIэнухэм нэхъ пасэу зрагъэтхтыныр къызэрагъэпэщмэ, Iуэхутхьбзэ зыхуащIэ цIыхуэхэр метр 1,5-рэ нэхъри нэхъ гъунэгъуу зэбгъэдамыгъэхьэмэ, зэрылажьэ Iэмэпсымэхэмрэ столыщыхьэхэмрэ Iуэхутхьбзэ зыхуащIа дэтхэнэми и ужькIэ дезинфекцэ ящIмэ»;

еплIанэ абзацым щыIэр мыпхуэдэ псалъэухар: «.Мы мардэхэр яхуэгъэзакъым сату Iуэхущапхъэхэу сату щащI щыIэпхэр метр зэбгъуэзнатIэ 400-м щыщIимыгъуэхэм икIи уэрамымкIэ ущыщIыхьэ хъуэу бжэ щхьэхуэ зи сату щыIэпхэм хэлъхьэм. Абы къыдэкIуэи сату щыIэпIэ пэшым цIыхуу зэуэ щIэтыр щыIэ мардэхэм, зы цIыху къэс метр зэбгъуэзнатIэу 4 лъысыным, фIэкI хъунукъым»;

еханэ абзацым къару имыIэжу къэлъытэн;

б) 2.6 пунктым и «б» пункт къыдэзэм абзацэхэр щыIэнр, мыпхуэдэу иту:

«цIыхуитI нэхърэ нэхъыбэгъэ зэщIымыгъуу е зы унагъуэм щыпсэуэхэм фIэкIа зэмыгъэусэу уэрамым къыщыкIуэхьынир, абы щыгъуэми ахэр цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэм, абы сабийхэр щыджэгу щIыпIэхэри хэту, мыкIуэу;

жьы къабзэм хэту физкультурэрэ спорткIэ я Iэнкъпэнкъым зрагъэуфэуэдиныр, цIыхуитI нэхърэ нэхъыбэу зэщIымыгъуу, ахэр метритху нэхърэ мы-нэхъ мащIэкIэ зэпэIэщIэу щыту; е зы унагъуэм щыпсэуэхэм фIэкIа зэмыгъусэу;»;

в) 2.8 пунктыр мы къыкIэльыкIуэм хуэдэу къхъыкIи:

«2.8. Властым и органхэм, Iуэхущапхъэхэмрэ зи щхьэ хуэлэжьэж хъэрычэтыщIэхэмрэ, апхуэдэуи нэгъуэщIхэу зи лэжьыгъэр цIыхуэхэм япыщIауэ къыззэгъэпэщхэм:

цIыхуэхэм (абы езы лэжьакIуэхэри яхэту) зэпэIэщIэу щытыныр къызэрагъэпэщыныр, абы папщIэ ахэр зэрыщэпэIэщIэн хуей жьжьагъыр къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэ щхьэхуэхэр тещIэн, апхуэдэуи цIыхуэхэр унэхэм, ухуэныгъэхэм, сооружениэхэм (абыхэм хэт пэщхэм), зыхуэфащэ щыналъэхэм (абыхэм кьедза щIыпIэхэм) зэрыщIагъэхьэ, пэш кIуэцIым зэрыщIэт хъуну мардэ хэхар гъэувын;

цIыхуэхэм Iуэхутхьбзэхэр хуащIэ щыхъунур лэжьакIуэхэм я жьэхэмрэ я пэхэмрэ уз зэрыщIалэм зэрызыщахъумэхэр (нэкIупхъуэхэр, респираторхэр) яIулъмэщ;

ЩэхуакIуэхэм я хуитныныгъэхэр хъумэныжмрэ цIыхум псэукIэ тэмэм къызэрагъэпэщыныжмкIэ Федеральнэ Iуэхущапхъэм къыта чэнджэщхэм (www.rospotrebnadzor.ru/region/korono_virus/rek_ros.php) тету, щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщIалэр а щIыпIэм ирамыхьэжмрэ абы земыгъэубгъуныкIэ хуэгъэза Iуэхуэр зэрэфIэгъэкIын;

г) 5-нэ пунктым мыпхуэдэ абзац щыIэн:

«Iэмал зэриIэкIэ, я Iуэхущапхъэхэм пэIэщIэу лажьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щыIн.».

2. Мы Указым къару егъуэт 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм накъыгъэм и 15-м
№55-УГ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПIЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№57 (24.027) ● 2020 гъэм накъыгъэм (майм) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩытыкIэм къикIыным теухуа Iуэхуэм щытопсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий видеоконференц мардэм иту иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр.

● КъБР-м и Правительствэм

IУЭКУ 25-м зыщытепсэлъыхьа зэIущIэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащIащ коронавирус узыфэм зэрызиубгъуам кьиша экономикэ, социальнэ гугъуехьхэр къызэнэкIа зэрыхъуну щыIэхэм.

Абы хуэунэтIауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проект къащтащ, зи акцэхэм я процент 25-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и мылкъуу щыт Iуэхущапхъэхэм, апхуэдэуи абыхэм я къудамэхэу хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ химыфыдэхэм, къэрал унитарнэ предприятэхэу республикэм и экономикэм щылажьэхэм республикэ бюджетым кьыхэкIыу мы гъэм субсидиехэр зэрыхухахыну щыкIэр щыубзыхуауэ. Мыбдежым зи гугъу щащIар щыIэ хъуэ щытыкIэм и зэран нэхъыбэ зэкIахэрщ. КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Лисун Еленэ зэрыжиIамкIэ, ядэIэпыкъуну я мурадщ лэжьакIуэ 700 IэнатIэ зыIут Iуэхущапхъэ 24-м. А Iуэхум республикэ бюджетым щыщу ном мелуан 17 текIуэдэнущ.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым, «2020 гъэм, 2021, 2022 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» законым и 5-нэ, 12-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуам. А зэхъуэкIыныгъэхэр хальхъащ коронавирус узыфэщIэм земыгъэубгъуным хуэунэтIа лажьыгъэхэр и чэзум зэфIэгъэкIыным, абы кьишэ ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжьыным, экономикэм и щытыкIэр нэхъыкIэ мыхъуным и чэзум хыхьэхэм щIыхуэ мыинхэр етыныжкIэ и фондым субсидиехэр зэрыхъухах щIыкIэр яубзыхуащ, щIыхуэ-лизинг Iуэхутхьбзэхэр щызэфIагъэкIым трагъэкIуэдам щыщ хуапшыныжьын папщIэ. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис жиIащ хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ хьыкэ Iуэхущапхъэхэм ирата щIыхуэр сом мелуан 700 хуэдиз зэрыхъур. Апхуэдэуи къащтащ хэщIыныгъэ нэхъыбэ зыгъуэта IэнатIэхэу къэралым кьилъытахэм хамыгъэхьахэу КъБР-м и хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ щыщхэми фондым субсидиехэр зэрахухиныну щыкIэр.

Республикэм и Правительствэм 2020 гъэм мэзыжьыхьым и 29-м къыдигъэкIа унафэм икIи КъБР-м и экономикэм и IэнатIэхэу щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщIалэм (COVID-19) и зэран нэхъыбэу зэкIауэ къалъытахэм нэгъуэщIхэри хагъэхьащ. ЗэхъуэкIыныгъэхэр яхуэгъэзащ къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я къэрал Iуэхутхьбзэхэу «зы щхьэгъубжэ» мардэм тету МФЦ-м щызэфIагъэкIхэм. Абы дыщIагъащ зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщIэдзауэ илъэсибл иригъуэхэри хиубыдэу мазэ къэс хухах ахъшэр яхуэгъэувынымрэ ятынымрэ теухуа унэтI.

ЗэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ «КъБР-м узынщагъэр хъумэн IэнатIэм зыщегъэужьныр» къэрал программэм мыльку тегуэшэным ехьэлIа и Iыхьэмэ. 2020 гъэм Iэмэпсымэхэр хъащхъуным трагъэкIуэдэн, коронавирус узыфэм земыгъэубгъуным, абы ебэныным хуэунэтIа зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр щызэфIэгъэкI лъэхъэнэм щытыкIэ гугъум иту лажьэхэм я улахуэхэм хущIагъун папщIэ федеральнэ бюджетым республикэ бюджетым трансферту кьыхуутIыпщым зэрыхигъэхъуам ипкъ иткIэ, а Iуэхуэм мыльку трагъэкIуэдэнури нэхъыбэ ящIащ. КъимыдэкIэ, УФ-м и Правительствэм и резерв фондым щыщу КъБР-м и бюджетым мыльку кьызэрыхуитIыпщым и фIыгъэкIэ ахъшэу кьагъэсэбэпри нэхъыбэ хъуащ.

КъБР-м и лъэпкъ медицинэ къэхутакIуэ центрхэм кьызэгъэпэщыныгъэ-методикэ лажьыгъэхэр щагъэкIуэкIыным хуэунэтIауэ УФ-м Узынщагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэдзэкжьынымкIэ 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ыIыхь щхьэхуэхэр щIагъуащ.

ЗэIущIэм дэфтэр эзыбжанэ къыщащтащ мэкъумэш IэнатIэр дэIыгъыным, республикэм Iащ зыгъэхъу и хозяйствэхэр гъэмахуэ хъупIэхэм щыщыIэну лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырыным теухуауэ.

БЕЛГъЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Iэщ Iагъэлl нэс, цIыху щыпкъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр радиокомитетым и унафэщIу, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру, КъБКъУ-м и тыдэфилологие факультетым и декану щыта Къардэн Башир Мэхьмуд и къуэр псэуащ и псалъэмрэ Iуэхумрэ, и мурадымрэ Iэужьхэмрэ зэтехуэу. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, зыхущIэкъур гупыр зэгурыIуэныр, лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыныр икIи ар абы фIы дыдэу къехъулIэрт.

ХЭКУ зауэшхуэм лIыгъэ щызэрихьэу хэта, фэбжьышхуэ иIэу абы къикIыжа Къардэныр лъэпкъым хуэфащэу, щIэныгъэм и лэжьакIуэ емызэшьжу щытащ. Башир хуэмыварэзы къэзгъуэтыгъуейщ, сыту жыIэмэ, цIыхур зэхищIыкIырт, дэтхэнэми и пIэ иувэфырт, зэрыхуэзфIэкIкIэ дэIепыкъурт, гумызагъэт икIи ткIийт.

Къардэн Башир и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ и ныбжьэгъухэм я тхыгъэ гукъэкIыжхэр ди газетым и къыдэкIыгъуэ гъунэгъухэм язым тетынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Накъыгъэм и 19, гъубж

♦Пионерием и махуэщ. 1922 гъэм СССР-м пионер зэгуэныгъэр къыщызэрагъэпэщащ

♦Тэтэрстан Республикэм и Печатым и махуэщ

♦Тыркум щагъэлъапIэ щIалэгъуалэмрэ спортымрэ я махуэр

♦Кьыргызым щагъэлъапIэ Анэм и махуэр

♦1649 гъэм Инджылызыр Республикэ хъуащ.

♦1712 гъэм Пётр Езанэм и унафэкIэ Урысейм и кьалащьэу Москва и пIэкIэ Санкт-Петербург ягъэуващ.

♦1728 гъэм Пётр ЕтIуанэм унафэ кьыдигъэкIащ Урысейм и кьалащьэр Санкт-Петербург къикьыжауэ Москва къэхьыкьым теухуауэ.

♦1802 гъэм Франджым и пащтыхь Наполеон и жэрдэмкIэ къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - ПщIэ лъагэ зиIэ легионым и орденыр - къащтащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къэгъэлъэгъуа зэфIэкI къызэрымыкIуэм папщIэ ар кьухуагъэфэщат ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ захуэ **Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан**.

♦1906 гъэм кьыдэкIащ «Урысей империем и къэрал закон нэхъыщхьэхэр».

♦1922 гъэм СССР-м пионер зэгуэныгъэр къыщызэрагъэпэщащ. Комсомолым и урысейпсо конференцым а махуэм кьыщащтауэ щытащ «Пионер отрядхэр дэнэ щыIэпIи кьыщызэгъэпэщыным теухуауэ» унафэр.

♦1943 гъэм СССР-м ЗыхьумэжныгъэмкIэ и къэрал комитетым Бахьсэн ГЭС-р зэфIэгъэувэжыным теухуа унафэ кьишащ.

♦1985 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Сабий творчествэм и унэр.

♦1989 гъэм накьыгъэм и 19 - 21-хэм къэралым щыпэу Москва щекIуэкIащ «СССР-м щынэхъ дахэ пщащэ-89» зэпеуэр.

♦1991 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей лъэпкъым и яп Конгрессыр. Абы и яп президенту хахащ Къалмыкъ Юрий Хьэмзэт и къуэр.

♦Тырку Республикэм и яп президенту щыта **Ататюрк Кемаль** къызэралъхурэ илъэси 139-рэ ирокъу.

♦Вьетнамым и унафэщIу илъэс 18-кIэ щыта **Хо Ши Мин** къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткъ **Булгаковэ Майе** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ актёр, кинорежиссёр цIэрыIуэ **Плачидэ Микеле** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-р къэзыуа, Хьэрыпэ къэралхэм я лигэм и секретарь нэхъыщхьэм и къуэдзэ, Иорданием щэнхабзэмкIэ и министру щыта **Нэгуэр Нанси** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал кьулыкъущIэ, Санкт-Петербург кьалэм и губернаторым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Беглов Александр** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦«Спартак-Налшык» топджэгу гупым и тренер нэхъыщхьэу щыта, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Биджий Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Уругвайм щыщ актрисэ, уэрэджэныкIуэ цIэрыIуэ **Орейрэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщыгъуэ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 20, бзаджэй

♦Метрологием и дунейпсо махуэщ

♦Бжьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Фэбжь зыгъуэтам еIэзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ

♦СПИД узыфэм илIыкIахэм я фаепIэ махуэщ

♦Индыл псым и махуэщ. Индыл (Волгэ) Урысейм и мызакъуэу, Европэми щыпсыхьэ. Индыл щыщ - абы и кIыхьагъэр километри 3,7-рэ мэхъу.

♦1570 гъэм Антверпен (Бельгие) дунейм щызэпсу щытрадзащ географие атлас.

♦1873 гъэм США-м и щыщ Страус Леви ищIащ джинсым къыхэщIыкIа гъунэшэдж. А щыгъуэныгъуэр ящыщщ иджыпсту дунейм бжьыпэр щызыIыгъхэм.

♦1875 гъэм Париж къыщащтащ метр, литр, килограмм пщалъэхэр.

♦1887 гъэм урысей пащтыхь Александр Ещанэр яуклыну зэрыхэтам щхьэкIэ щхьэпэлъэ ящIащ Ленин Владимир и къуэш Ульянов Александрэ абы щыгъуэхэм ящыщу цIыхуиплIрэ.

♦1902 гъэм Кубэм и конституцэмрэ ар Испанием и бжьым зэрыщIэмыгъыжьым теухуа дэфтэрымрэ къащтащ.

♦1939 гъэм «КъБР-м и цIыхубз артист», «КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

♦1942 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьыдигъэкIащ Хэку зауэ орденым и яп, етIуанэ нагъыщэхэр кьэщтэным теухуауэ.

♦Урысей пащтыхь, Рюриковичхэ ящыщу иужьрейуэ а кьулыкъым пэрыта **Федор Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 463-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакIуэ щIэрыIуэ **Оноре де Бальзак** къызэралъхурэ илъэс 221-рэ ирокъу.

♦Совет кьэухьлъатэзэхуэ, Совет Союзым и Лыхъужь **Маресьев Алексей** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гугу Рашад** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УкIэгъуэ, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэх Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей эстрадэм и артист щIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Карцев Роман** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **АкIыпэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦КъэбэрдейБалъкъэр радиом и адыгэбзэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Тэтрокъуэ Астемыр** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, продюсер, УФ-м и цIыхубз артист **Гуськов Алексей** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦«Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Абидокъуэ Лусанэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

ЛIыгъэр ящымыгъупщэн папщIэ

«Фэеплъым и гъуэгу» Iуэхум хьыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пощтым къыIэрыхьащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я сурэти 100-м нэблагъэ.

АХЭР къыхахьи щIадзауэ щытащ мазае мазэм. Сурэтхэмрэ абыхэм ит ветеранхэм ятеуха тхыгъэхэмрэ сайтым къралъхьэн щхьэкIи ягъэхащ Iуэхум теухуауэ къызэрагъэпэща урысейпсо базэм.

Сурэтхэм я нэхьыбэр къыхахащ Налшык, Май къалэхэм я пощт къудамэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм пощтым и лэжьакIуэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ ТекIуэныгъэм. Сыт хуэдэ гугъуехь пымыльэми, абыхэм зэпащIэрт зауэлIхэмрэ я благъэ-Iыхьлыхэмрэ. 1941 гъэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэ пщIондэ пощт лэжьакIуэхэм къаIэрыхьат икIи зэбграгъэкIат пэсымэ меларди 10-м щIигъуэр посылкэ мелуан 23-м нэблагъэрэ.

ЩIэблэхэр зэпыщIэныр, ди япэ итахэм я лIыхъужьыгъэр цIыхум ящымыгъупщэныр и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къелъытэ Урысейм и Пощтым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и пощтым и пресс-Iуэхущапхъэ.

Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

Мэлыжьыхьым и 1-м щIидзауэ йокIуэкI 2020 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм цIыхуэхэм яIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэнщ.

Иджыпсту щыIэ щытыкIэм ипкъ иткIэ, цIыхуэхэм Iэмал яIэщ пощтхэм мыкIуэу, я унэ щIэсыжу газетхэм Iэ тредзэну - Урысейм и Пощтым и сайтым иIэ podpiska. pochta.ru жыхуиIэмкIэ апхуэдэ Iуэхутхьбзэр зэфIагъэкIыфынущ, къэралым къыщыдэкI газет, журнал минитхум ящыщ дэтхэнэ зыми Iэ трырадзэнущ. Iуэхутхьбзэр тэмэму зэтеухуауэ щытщи, дэнэ щIыпIэ щыпсэуми апхуэдэ щIыкIэкIэ Iэ тредзэфынущ нэхъ дэхьхьэх къыдэкIыгъуэхэм.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: мазэ 6-м ди газетым и уасэр сом 696-рэ кIэнлейкIэ 30-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм накъыгъэм и 12-м къыдигъэкІа Указ №54-УГ-мкІэ къыдатащ

КъБР-м и Іэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ Советым ХЭТХЭР

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(Советым и унафэщІщ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Првительствэм и Унафэщ Іыр *(Советым и унафэщым и къуэдзэщ)*

Ажий В. Хь. - Аруан муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(эзгурыІуаущ)*

Альтуд Ю. Хь. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и ректорыр

Амщыкъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Апажэ А. Къ. - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ бюджет къэрал еджапІэм и ректорыр *(эзгурыІуаущ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ щІыхъэм социальнэ къащхьэщжьыныкІэ и министрыр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Балъкъыз А. Хь. - Бахьсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Бэрбэч А. Хь - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Бозий Н. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъэр

Борсэ Ю. Къ. - Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр

Войтов А. И. - «Іуэху щІэзэфІагъэкІ Урысей» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІхэм ящыщыр *(эзгурыІуаущ)*

Гъащтэ А. А. - Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым Къэрал статистикэмкІэ и федеральнэ кІуэлыкъуэщІапІэм и управленэм и унафэщым и къуэдзэр (эзгурыІуаущ)

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(Советым и унафэщІщ)*

Гуэбэщыкі А. Ю. - Федеральнэ налог кІуэлыкъуэщІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІым и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Гъудэ А. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщІыр

ГъукІэлі Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Дыщэкі А. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыр *(эзгурыІуаущ)*

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхъэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхущхьэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Залиханов Къ. Хь.-У. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Къалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыр

Къэрмокъуэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа ІуэхущхьэмкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и ящ Іыр къуэдзэр

Бозий Н. М. - «ОПОРА России» хьэрычэт Іуэху щІыкІумрэ курытымрэ дэІыгъныкІэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Къуныжь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Къурашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и ящ къуэдзэр

Гуэбэщыкі А. Ю. - Федеральнэ налог кІуэлыкъуэщІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІым и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Гъудэ А. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщІыр

ГъукІэлі Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Дыщэкі А. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыр *(эзгурыІуаущ)*

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхъэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхущхьэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Залиханов Къ. Хь.-У. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Къалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыр

Къэрмокъуэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа ІуэхущхьэмкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэр

Къэжэ В. Щ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыхъэр лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ кьыззэгъэпэщ щІыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщІыр *(эзгурыІуаущ)*

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Хьубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр

Щоджэнщыкіу М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр

Щоджэнщыкіу М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм накъыгъэм и 12-м къыдигъэкІа Указ №54-УГ-мкІэ къыдатащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ Советым и президиумым ХЭТХЭР

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Првительствэм и Унафэщ Іыр *(Советым и президиумым и унафэщІщ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Башорэ Р. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм проект лэжьыгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІыр

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и ящ къуэдзэр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и ящ къуэдзэр

Къуныжь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзгурыІуаущ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Тымыжь Хьу. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІыр *(Советым и президиумым и секретарщ)*

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

● Брифинг

Хьэрычэтыщ Іэ мащ Іэмрэ курытымрэ зэрызыщ Іагъэкъуэнур

Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щригъэкІуэкІа брифингым результатхэм я хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр щыхагъэгъуэзащ коронавирус уз зэрыщІалэм къыза мыхъумыщІагъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр къызэрикІыну щыкІэм.

ЗэІуущІэм хэтащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис, абы и къуэдзэхэу Тымыжь Хьусенрэ Белецкая Ольгэрэ, «КъБР-м хьэрычэт Іуэхур щыдэІыгъныкІэ и центр» щІыналъэ фондым и унафэщІ Къайсын Залым сымэ.

Брифингым хэІуущІыу щащІащ экономикэмрэ хьэрычэт Іуэхумрэ защІэгъэкъуэныкІэ федеральнэ, щІыналъэ, муниципальнэ властхэм я унафэхэр.

Рахаевым къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ цІыхухэм я шынагъуэшагъэмрэ экономикэм и зэфІэкІымрэ яхъумэн папщІэ къэралми щІыпІэхэми къыщыкалъхьа Іэмалхэр. Псом хуэмыдэу ахэр ехьэлІащ коронавирусым и зэранкІэ лей къызытехьа Іэнатіэхэм. Зэман кІэщІым къриубыдэу абыхэм ятеуха нормативхэр ащІащ. КІыщынэмыщІауэ, Іыхьэ 42-уз зэхэт план зэхалъхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым гъащІэр тэмэму щекІуэкІын папщІэ республикэм и Правительствэм хуэфащэн Іуэхуг ъуэхэр пхигъэкІащ.

- Федеральнэ центрым зэригъэбелджыламкІэ, мэкъумэш хозяйствэр, ерыскъы промышленностыр, агропромышленнэ комплексым епха нэгъуэщІ Іэнатіэхэр лей къызытехьахэм ящыщкъым, - къихигъэщащ къэпсэлъам. - Апхуэдэу щыт пэмм, Іуэхур зэтеІущІыхьыпхъэр къалэжьам щІэуупщІэ зэриІэрщ. ЦІыхухэм я зэхэзеІкІуэкІ щхьэхуэм хэпщІыкІыу зэрыкІэрыхуам отраслым хэщІыныгъэшхуэхэр къыхуихьащ. Пэжщ, дэ и чэзум зэфІэзэкІыпхъэхэр зэфІэтхащ. Ди дежкІэ нэхъыщхьэр цІыхухэр дымыгъэгужьеиныри, тхуэзфІэкІащ. Республикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэр къыз этеувыІакъым икІи шхынкІэ пэрыхьэту псори къызэрагъэпэщащ.

Налог зыту Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цІыху мин 11,5-м дэІэпыкъуныгъэ ягъэтащ. Социальнэ, экономикэ Іэнатіэхэм ирата щІэгъэкъуэныгъэм и куэдагъыр сом мелардрэ ныкъуэм щІегъу. КІыщынэмыщІауэ, налогхэр щатыну пІалъэр хуагъэІэпхъуащ, налог, кредит каникулхэр къыхалъхьащ, къэпщытэныгъэхэр къызэтрагъэувыІащ.

- Республикэм и бюджетым къыхэкІыу сом мелуани 100-кІэ зыщІагъэкъуащ. Абы щыщу сом мелуан 50-р къащта щІыхъэм техьэ процент ставкэр яхуэпшыныжьынымкІэ техІуэдащ. Туризмэмрэ санаторэ-курорт комплексымрэ къэрал дэІэпыкъуныгъэу иратынущ сом мелуан 20, иджыри сом мелуан 30 хуаутЫпщынущ коронавирусым зыщцубгъуа лъэхъэжьнэм лей зытехьа Іэнатіэхэм. Абыхэм Іуэхущ Іапі э зэмылІэужьыгъуэхэм яхуэдэу щытыкІэм адэкІи зимыхъуэжьным и фейдэ хэлът.

Лэжьыгъэ зыт куэдым гуапэ ящыхъуакъым лэжьапщІэ кьекІуэкІым и мардэ нэхъ мащІэм 2018 гъэм и щІышІэ маззм зэрыхагъахъуар. Ар 2017 гъэм сом 7500-у щытамэ, 2019 гъэм сом 9489-рэ хъуат. ГурыІуэгъуэщ, лэжьапщІэ тыным техІуадэр нэхъыбэ зэрыхъум ахэр арэзы ящыз ымыщІар. НобэкІэ лэжьапщІэм и мардэ нэхъ мащІэр сом 12130-м нос. Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм зи лэжьапщІэр апхуэдизу фІэкІа щымыхъуэхэр щыкуэдщ. Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкІэ и министерствэм кьыхихьхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр, абы теухуауэ жьпІэмэ, улахуэмрэ абы и щІыІу кІуэ теІухьэ зэхуэмыдэхэмрэ зэщхьещІыхьым хуэнэтІащ, щІыІэ зэхэмыбэхэр гъэкІуэдыным хуэгъэзащ.

ИпэжьпІэкІэ жьпІэмэ, улахуэмрэ лэжьапщІэ нэхъ мащІэмрэ зэхуэдизу хъунущ лэжьыгъэ пэкІуэ хьэкъым хигъэхъуэныщхуэ щыІэкъым. Лэжьыгъэр зытхэм телъхьэ хэмыту улахуэ кьабзэр лэжьакІуэхэм ирату хъуну аращ. ЕгъэджакІуэхэм, медицинэм и лэжьакІуэхэм, нэгъуэщІхэми я ставкэр нэхъ цІыкІу хъунущ. ЦІыхьэуэлажьэ Іуэхущ Іапі эхэм я щытыкІэм зызыхъуэж щІагъуэ щІыкъэкъым: абыхэм нэхъыбэм ятыр улахуэ кьабзэщ, хущІагъу зыри щымыІэу.

Министерствэм къыхилъхьа Іуэхум лэжьапІэ зытхэр лэжьакІуэм и хьэкъыр улахуэ нэхъ мащІэм кьримыгъэхыну щэсапІэ иригъэувэу ара кьудейщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Гу зылъытапхъэ

ЛэжьапщІэм и Іуэхукіэ

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм къыхелъхьэ улахуэу ягъэувар (оклад жьыуаІэр) лэжьапщІэм и мардэ нэхъ мащІэ дыдэу къекІуэкІым (МРОТ-м) хуэдиз щІын хуеиІуэ.

ЛЭЖЬАКІУЭМ и улахуэр щариткІэ, лэжьапщІэм и Іьабжьэ кІуэ ставкэмрэ (базовая ставка) саугъэт папщІэу хуагъэувымрэ лэжьапІэ зытхэр емылІсуэу, зэрыхуейм хуэдэу зэрамыгъэзэхуэу къызэтринэу къелъытэ министерствэм.

Мэкъумэш щІэнымрэ къэралыр зэхъэныкІэ Урысей Академием (РАН-ХиГС) Кавказ Ищхьэрэм щІэ институтым экономикэмрэ финанс хуэІуэхуэщІэхэмкІэ кафедрэм и доцент, экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат Гусельниковэ Надеждэ и Іуэху еплъыкІэр:

- Илъэсипщым щІигъуауэ Урысей Федерацэм щызекІуэ Лэжьыгъэмкіэ кодексым и 133-нэ статьям кьеГъэув лэжьакІуэм и мазэ хьэкъыр кьрихьэлІарэ ищІэн хуей къэмынамэ, улахуэр лэжьапщІэм и мардэ нэхъ мащІэм кьемыхьыу ятын хуейуэ. Ауэ щыхъуэкІэ, лэжьапІэ зытхэр а лэжьапщІэр зыхуэдизын хуейм и Іуэхуэ Іэзыми къыжьдикъуэргэхъым. Абы къызэщІиубыдэнкІэ хъунут улахуэри, ахъшэтелъхьэри, саугъэт папщІэу ятри, нэгъуэщІ куэди. Дауи, шэч зыхэмылъращи, лэжьапІэ зытым дежкІэ апхуэдэ щытыкІэм адэкІи зимыхъуэжьным и фейдэ хэлът.

Лэжьыгъэ зыт куэдым гуапэ ящыхъуакъым лэжьапщІэ кьекІуэкІым и мардэ нэхъ мащІэм 2018 гъэм и щІышІэ маззм зэрыхагъахъуар. Ар 2017 гъэм сом 7500-у щытамэ, 2019 гъэм сом 9489-рэ хъуат. ГурыІуэгъуэщ, лэжьапщІэ тыным техІуадэр нэхъыбэ зэрыхъум ахэр арэзы ящыз ымыщІар. НобэкІэ лэжьапщІэм и мардэ нэхъ мащІэр сом 12130-м нос. Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм зи лэжьапщІэр апхуэдизу фІэкІа щымыхъуэхэр щыкуэдщ. Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкіэ и министерствэм кьыхихьхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр, абы теухуауэ жьпІэмэ, улахуэмрэ абы и щІыІу кІуэ теІухьэ зэхуэмыдэхэмрэ зэщхьещІыхьым хуэнэтІащ, щІыІэ зэхэмыбэхэр гъэкІуэдыным хуэгъэзащ.

ИпэжьпІэкІэ жьпІэмэ, улахуэмрэ лэжьапщІэ нэхъ мащІэмрэ зэхуэдизу хъунущ лэжьыгъэ пэкІуэ хьэкъым хигъэхъуэныщхуэ щыІэкъым. Лэжьыгъэр зытхэм телъхьэ хэмыту улахуэ кьабзэр лэжьакІуэхэм ирату хъунущ аращ. ЕгъэджакІуэхэм, медицинэм и лэжьакІуэхэм, нэгъуэщІхэми я ставкэр нэхъ цІыкІу хъунущ. ЦІыхьэуэлажьэ Іуэхущ Іапі эхэм я щытыкІэм зызыхъуэж щІагъуэ щІыкъэкъым: абыхэм нэхъыбэм ятыр улахуэ кьабзэщ, хущІагъу зыри щымыІэу.

Министерствэм къыхилъхьа Іуэхум лэжьапІэ зытхэр лэжьакІуэм и хьэкъыр улахуэ нэхъ мащІэм кьримыгъэхыну щэсапІэ иригъэувэу ара кьудейщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Гъуэгухэр

Налшыкрэ Май къалэрэ зэпызыщІэ

«Фіагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэнщэхэр» лъэпкъ проектыр гъэззщІэным ипкъ иту, Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэрагъэпэщщыж щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъуэгухэр.

ДЫЗЭРЫТ мазэм щІадзащ километри 9,6-рэ зи кІыхьагъ, «Майсэ-Налшык» автомобиль зекІуэлІэм щегъэкІуэкІыпхъэ лэжьыгъэхэм. Мы гъэгур и зы Іыхьэщ ди республикэм и щІыхьэрым ищхьэрэ-къуэкІыпІэ Іыныкъэмкіэ уку ыз эрыдыхьэ хъу автомобиль зекІуэлІэ нэхъыщхьэм. Налшык къызэрекІуэлІэм и мызакъуэу, абыкІэ иризэІуоІэс, псори зэхэту, цІыху мин 11-рэ 26-рэ щыпсэу кьуажи 5-ри.

2020 гъэм кьриубыдэу, гъуэгум зи гугъу тщІа и Іыхьэм щрагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм ящыщщ мывэкІэщхьэ мастикэкІэ зэхэщІа асфальтбетон щІэхуагъащІэр и щІыІум зэрыгъэралъхьэнур, и кІыхьагъкІэ щІэрыщІэу автобус къэувыІэпІэхэр зэрыщыхагъэунэхуКІынур, къыщызыжьхьэр зэрыгГуэзэну нагъыщхэр адэкІэ-мыдэкІэ зэрыщагъэувынур, и нэзыр гъуЦым къыхэщІыкІа Іуащ Іапі эхэмкІэ зэрыщагъэбыдэнур, щІэзэблэжьхэр къыщыщІидз лъэныкъуэхэр лэчкІэ ираІа кусэ-кусэхэмкІэ зэрызэхагъэщхьэхуКІынур, Т.7. светофорхэмкІэ зэгъэпэщарэ лъэсырыкІуэхэр тыншу ирищы-зэпрыкІ хъуну щІыпІэхэр къуажэхэм дэк зэрыщауХэнур.

Зи гугъу тщІа гъэгум мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ щокІуэкІ гъэгум телъ асфальтбетоныр тетхъунщыкІыжьным хуэгъэзза лэжьыгъэхэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гъэзджэм и лэжьакІуэхэр

Жэзым, гъуапІъэм, домбеякъым, нэгъуэщІ гъущІхэкІ лІэужьыгъуэхэм хьэкъущыкъу пІащІэхэр кьыхэщыкІыныр ди лъэпкъым пасэ зэман лъандэрэ къыдекІуэкІ Іэщ Іагъэхэм ящыщщ. Апхуэдэу щІэманми, ди зэманым абы хуэшэрыуэ куэд бГыэтынукъым.

ГъущІэкІыр имыгъэпІуу, уадэкІэ еуэурэ ар хихуурэ хьэкъущыкъу телъыдджэхэр, хьэпшып цІыкІуфэкІуэхэр кьыхэщыкІыным, абыхэм тхьапхъэщІыпхъэ дахащэхэр хэщІыхьыным хуэІззэ дыдэщ УФ-м и цІыхубэ Іэпщ Іэлъапщ Іэ ПІаз Александр Залымхъан и къуэр.

Къытпаубыдхэр къагъэщэбами, нэкІуІупхъуэхэр къонэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм республикэм щыпсэуэхэм ягу кьеГъэкІыж цІыхухэм кьыпаубыдхэр къагъэщэбами, нэкІуІупхъуэхэр адэкІи кьыззэрагъэсэбэпын хуейр.

НэкІуІупхЪУэР сыт щыгъуи зыІулъхьапхъэщ цІыху куэд щызэтрихьэ щІыпІэхэм - сату щІапІэхэм, жылагъуэ транспортым. Апхуэдэ щІыкІэкІэ нэхъ пхуэгъэмэщІнуэ коронавирус узым укъицІэлІэныкІэ щыІэ шынагъуэр - COVID-19-р хьэуатКІуэпсэ Іэмалхэмкі э мэбагъуэ.

ЦІыхуэхэм зэкІупхъуэ зехьэнкр уэим ящІмэ, уз зэрыщІалэм нэхъри зиубгъужынущ.

Экономикэр дАыгГынын папщІэщ къыптаубыдэ Іэмалхэр хуэмурэ щІыІуахьжкр. Санитар-эпидемиологие чэнджэщхэм дытетмэ, уз зэрыщІалэми нэхъ дыпэлъэщынущ. И щхьэм, къэзыуХъуреихьэм папщІэ иджьпсту дэтхэнэми жэуапльныгъэшхуэ зэрихьыр зыхиущІэн хуейщ. Абы иужькІыщ псори зэгъусэу щытыкІэ гугъум дыкъыщыкІыфынур.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Уасэ зимыІэ лэжьыгъэ

● Тхьлъыщ Іэ



«Зольский район. 1941-1945» и фІэщыгъэу иджыблагъэ дунейм къытехьащ тхьилъ гъэщІэгъуэн. Ар къыщыдэкІа тхьилъ тедзапІэм и унафэщІ Котляров Виктор зэрыжиІэмкІэ, ТекІуэныгъэ Иным хуэфащэ, Дзэлыкъуэ районым щыщхэм Хэку зауэшхуэм хуащІа хэлъхьэныгъэр къэгъэлъэгъуэнымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэщ ар. Апхуэдэ ди республикэм и мызакъуэу, къэралми къыщыдэмыкІагъэнкІэ хъунщ жыиІэн хуейуэ.

- ТХЬИЛЪЫР зытхахэу, зэхэзыгъэувахэу Джатэ Руслан, Бжьахъуэ Ранетэ, Къуэщ Іысокъуэ Іэсият сымэ зыхуагъэувыжа къэлэнар икъуКІэ гугъут. ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым кьихьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа дзэлыкъуэдзэ псоми - фронтым зи псэр щыІэзытахэми, къэзыгъэзэжахэм - кІэрАІуэнур, абыхэм я лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я гугъу ящыныр ахэр зыхущІэхъу Іуэхут, - жеІэ Виктор.

- Тхьилъыр зыІэрыхьэ дэтхэнэри щыхьэт техьэуфынущ ар къарэзехьулІам.

Зэман зэхуэмыдэхэм гаэзетхэм кьыстехуэ, тхьилъ щхьэхуэхэм ихуа очерк-хэмрэ гуКъэкІыжхэмрэ, апхуэдэуи лэжьыгъэм щхьэкІэ ягъэхьэзырахэр итщ тхьилъым. Лэжьыгъэр фэеплъ къудейкъым, атІэ щІэблэхэм я зэпыщІэныгъэр къэзыгъэлъагъуэ, Дзэлыкъуэ районыр зэрыгушхуэ лІыкъуэжьхэм зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ щІалэгъуалэр зэрыхуэпэжым щыхьэт техьэу тхьилъщ. Абы хухэщащ «Память от слова помнить» Іыхьэр.

Тхьилъым зи гугъу щыщІа Іуэхугъуэхэр наІуэу уи нэгу къыщІэзыгъэхьэ сурэтхэмкІэ гъэнщІащ ар. Хэку зауэшхуэм щытрахахэр, лъэхэм и щхьэхуитныныгъэм щІэзэуахэм я сурэтхэр итщ «Фронтовые дороги зольчан», «Солдатская фотолетопись» Іыхьэхэм я напэкІуэцІхэм.

ЦІхьэхуэу и гугъу щІыпхъэщ лэжьыгъэм и теплъэм. Ар зыхуэй хуэзэу дунейм къытехьащ жьпІэнри зыри жумыІэжхэнри зыщ. Миллиметр 240-рэ и бГуагъащ, 330-рэ и ЛъагагъщтхьилъыМ, ар мелованнэ тхьилъымПІ Іуэкіэ тедзащ, плъыфэ куэд къыщыгъэсэбэпауэ щхьэхкІэпІлъыкІащ, щхьэрхэр дыщэпскІэ зытетха жинтыр Іувщ. ЖьпІэнурамэ, музейхэм, еджапІэхэм, абы зи цІэунэцІэ къыщыхьа зауэлІхэм я фэеплъыр щагъэльапІэ

ИСТЭПАН Залинэ.

(КІэлъыкІуэр. ПащІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 56-хэм итц).

Уафэбгыкъу и нэлат

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Тхыдэ роман

- Си жаней ныбжьэгъужь Чыдэш Хьэтлат1 зэрыжиІаущ: «ІейМ нэхърэ фІыр сыт щыгъуи нэхъ тъэщц». ФщІа мурадыфІри, Іэмал имыІэу, къывэхъуІэнущ.

- Зэ жьІэжьат... «Хьэтлат1» - жьпІа? - Миншакъ зэхихар и фІэщ хуэмыщу: - «Чыдэш Хьэтлат1» - жьпІатэкъэ?

- НтІэ, Хьэтлат1 тхьэмыщкІэжь мыгъуэр... А жаней лІым и цІэщ, дауи, жысІар, апхуэдэм и хъыбар зэгуэр зэхэфахуэ щытмэ.

- Зэхэтха къудейкъым. Хьэтлат1 дыкъэгнъэжьащ дэ Кърымым дыкъыщыкІынум. Дишхэри къызыхуэдгъэнар Чыдэшырщ.

- Тхьэм и къарур инщ! Мы дунейр абрагъуэ гуэр ди гуэзэж щхькІэ, зы Іэгубжьэ хуэдизу цІыкІу мэхъу, цІыхухэр щыэзрихьалІэну Тхьэм ихмэ! Дауэрэ псэуэр езы Хьэтлат1?

- Уэзрыщыгъуаэзщи, и къуэри и щхьэгъуэсри щІилъхьэжащ. Мыбы лъэщыгъэкІэ къаша и пхъур къигъуэтыжьныр нобэми и гурыфІыгъуэу мэпсэу. Мэгугъэ. Аращ и Іэхъу зыІутыр...

Алыдж лІыжьыр хьэлъэу щатэри, нэщхъейуэ:

- Куэдрэ къэтлъыхъуащ а пщащэр Хьэтлат1рэ сэрэ. Сурэт и лъэужь къытхуэмыгъуэту бзэхат. Иджыблагъэ Іуэрыдэтэжу зэхэсхар пэжмэ, пащащэр Къаплъэн-Джэрий хьанын и пщафІэ нэхъ Іэкіуэлъаклуэхэм ящыщщ, - жеІэ Пафос.

Мэрем зэуэ и щхьэр къиІэтри Миншакъ Іуплъащ, ауэ Ашабэр зыри къэмыхъуа хуэдэ щыстри, щІалэр Іэнкуну еплъыхьжащ. Пафоси а жиІэр жиІэртри:

- ТІэунейм Кърымым къэкІуащ Хьэтлат1. ТІэунеймии хьетхуитыщхэ зиІэ зы щІалэ екІу и Іуэсащ. НэкъаркІэ еджэу. ЗэрыхуэзгъэфащэмкІэ, а Нэкъарым Сурэт гухэлъ ІэфІ дахэ хуиІэфІэрт. Апхуэдэу къысфІэщІащ сэ... - Мэремрэ Миншакъэрэ зэрызэплъыжам гу лъитэри Пафос къэувыат, ауэ тІуми псалъэ щыжамыІэм, езым адэкІэ пищэри: - Зыри ди Іэмалкъым. Апхуэдэщ мы дызытет дунейр: кърым хъанхэм я бынхэм адыгэжэр атэпыкъ хуащІрэ ирагъэгъасэу, езыхэми адыгэпхъу нэхъ дахэхэр щхьэгъусэу къашэуэрэ къэгъуэгурыкІуат... Мыдэ, нэгъуэщІ зы хъыбар гъэщІэгъуэн, абы ехьэлІауэ, фезгъэдэІуэнти. Къаплъэн-Джэрий и хьэрэмыи иджыпстуи щІэсу жаІэ къэбзэрдей пащащэ дахэ гуэр, Налмэскіэ еджэу.

- Дауэ зэры?... Сыт? Хъаныр абы дэпсэуУэ... - къызэщІонэ зэуэззпсэу Мэрем,

- Хьэуэ, си щІалэ, къыбгурыІуакъым. Кърым хъанхэм фызі плІырплІ яІэкъым, тырку сулътІанхэм еущхъу. СулътІаныпрэ хъаныпрэ я хьэрэмхэр зэхуэдэкъым.

- Зыубыдыт, Мэрем. Нэхъыщхьэращи, пащащэр псэуц! - Миншакъ щІалэ губжьар зэтриуІэрІэжьыну хэтт. Пашыр щым хъуат. Пафос лІыжьыр и хьэщІэхэм яІуплъэжц, псэлъэн къаэрыхъэмыкІыныр къыгурыІуэри, и ІэгушхуитІыр макъ иригъэщІу лъэгуажьэтесым триупІэжащ:

- Иджы къызгурыІуа сфІощІ фэ зи Іуэху зефхэр... А зи ужь фихьар ауэ сытми Іуэху цІыкІукъым. ЛІыгъэшхуэ хуейщ абы. Тхьэм и анэ Марие сыфхуелъэІунц. Пащащэм дызэхуишэри дигухэр зэхуэІутхат, ауэ сэ сылІыжь щхьэкІэ, иджыри си псэр сужэгъужакъым, куэдкІэ фыкъыщысымыгугъ. Мыдрейуэ, чэнджащ пэжхэр игъуэу фэстын схуэзфІэкІынущ. Жащу гъуэгу фытетхьэмэ, нэхъыфІщ. Бахъышысэрэй фынэсхьи пщІондэ шы илъыгъуэу зыбжанэ дэлъщ. Псы игъуэкІыжам и ныджэр зэпывупщІэ, щІыІэнэщІыр къызэнэкІмэ, фи ГъэрэгуанэР нэхъ зэгъэхъунущ. АдэкІэ, фи щхьэ къищынэмыщІа, фызыщыгугъуи зыри щыІэкъым. Фи Іэмал кІыпекІуэкІрэ Іуэхум фехъулІэмэ, Дзэпщ зи цІе мырэзэм зыхуэзгъаэзи фепсалъэ. Абы и адэр Бэлэтокъэзупщэм я къану зэгуэр щыІащ. Дзэпщ зи псалъэр дыкъуакъуэуэ мыхьу лІы зэтетщ. Адыгэхэм зауэ яримыщІыІэнэр Къаплъэн-Джэрий пагъэтІылъауэ ныкъуакъуэхэм ящщ. И цІэмкІэ фыщІэупщІа нэужь, хэти фигъэлъагъунущ абы и хэщІапІэр. ФыІущІэ хъужькъуэмэ, дызэрызэрыцІыхуар, дяку дзыхь зэрилъыр зыгуэру къеварщІэ. Къэвгъэзэжрэ мы гуэзэр кІуапІэ фхуэхъумэ, си дежь фыкъеблэгъэж. Сывдзіэпыкъунущ, зыварзэпсэхуаІэ фежьэжьинщ. Мыри щхьэпэщ: иджыпсту хьэІусыпэ зрату Кърымым исхэр Диваным и зэхьыхэм поплъэ. ЖысІэну сызыхуейр - уэ езыр, Миншакъ, унэгуеий нэгум и мызакъуэу, уи нэгъуеибзэри жьакІуэщ - шэч къыптрахьэнукъым.

Пафос зэрыжиІам хуэдэу, къэбзэдей шууитІыр, жасыр зэрызэфІэкІыу Іуэгу теувац. Кърымым и уафэ вындычым ззэзмызэ къиКІэрахьэрт пшэ Іувхэм къаІэщІкІ мазэр. Зы багъуэ закъуи здэщымыблэ уэгур нэф-хьэфизу иджы фІыцІэт. А фІыцІагъэ Іувым кІыхьэштри, уПІэрапІэрэ пщыпщІу, вагъуэ цІыкІу закъуэ ижащ. Абы и лъагъуэ кІэхур зэхъуэпсэкІыжурэ щІэпІыпІэ нэзым ІурыткІуХэри, уафэр аргуэру хибззэжащ жэщ дэгум. ЖьыбгъэР щІыІэбжьу къащІэуащ сакъыпэурэ зи гъуэгу хэзыгъэщІ шухэм. А жьыпэу гъуэщам пежьуужу, батыргъэнылъэм къыщыкІия жьындум и джэ макъым жэщ щхьэукъуэжьр нэбгъэушэу хигъэщтыкІри, езыри къыдэскІэжа нэхьеі, зиущэхужьыпащ.

Мес, хуэмурэ зеуфэгъу иджы къуэкІыпІэ мэзым. Хуэмурэ я кІэхъуащІэ фагъуэм щэджэнэпІыьфэ къыщІэхъуэпсэну зещІ.

Миншакъэрэ Мэремрэ сыхьэт зыбжанэ хъуауэ гъуэгу тетт. Ашабэм, зэщІэдзІыкІыурэ, шхуэмылакІэр ешэщІ. Хэгупсысыхьауэ абы и ужьыр зыбгъэ Мэрем, лІым жьэхэуэрэ пэт, зыкъепхъуэтэж, шхуэІур къыжьэдекъуэри:

- Сыт, Миншакъ, къыпІэщІэлъэгъуар?

- Зыри, зыри, - мамыру къыпедзыж Ашабэм.

- Зэт! Псынэ мэІущащэ...

- Мис абдеж дыкъыщыувыІэнщ-тІэ.

ЛІитІыр псы ефэху, чэзууэрэ затхьащІыкІу, нэхуГъэри кІихьэри къыхэзыкІуэ, нэхущ жьыбгъэ щабэм жьгъырууэ кІыхьэсащ аэзн джа мафкъыр. Пщэдджыжь нэмэз уахътым муслымэнхэр Алыхьым елъэІуну теувэхэрт. Ауэрэ нэгъуэщІ зы лъэныкъуэкІи къыщыІуащ аэзнир. МахуэщІэр къихьат узгум.

Бахъышысэрей нэс иджыри сыхьэтитІ гъуэгуанэ дэлърэ пэт, езы кьалэр - и мэжджэитыщхьэхэри и унащхьэхэри - Іупщіу джабэ нэпкъ бгы льапэхэм къыщІоплъыртт.

Ашабэм и щыпэлъагъут кърым хъаным и къалащхэр. Иджыпсту абы къыпкърыхьа пІейтейр Мэрем къыдиІащІэгъуну хуэмейуэ, щІалэм жреІэ:

- Мес Бахъышысэрей, Джэрыджж.

- Данэжу-данапІэм хэс Бахъышысэрей... - гушыІэну хэтщ зигу къыщэфІэзэрыхьа щІалэри.

- Сыщыгъуаззщ сэри а данэжу-данапІэм, ауэ, а дыкъыщыкІэлъыкІуар мыбы дэлъ данэу щыІам йолъэпІкІ.

Ашабэм игу къыщэфІэзэрыхьар, иджы бзыщІ хэмылъыжу, и нэгум къищыІрт. ЛІыр Мэрем Іуплъэри, зыхэщІыгъуэу жиІащ:

- Зыми емыщхьу, сэр дыдэми згъэщІагъуэу, зэи хуэмыдджу андез хьащІтэу пщэдджыжь нэмэз уахътыр къэслъэІуну сигу къихьащ. Зи пащхьэ дихьэжьну Алыхьым делъэІунщ, Мэрем, Іейм дыщихьумэну. Шыкур хуэтщІынщ нобэр хьыдэсым къытхуигъэфэщащкІэ.

Мэрем игъэщІагъуэрт Ашабэм къызыкъуиха псэлъэкІэр. ЩІалэр къиІэзыбжьат Іейм и макъ щабэм, зыхихьынур ищІэртэхъым абы и пщэдджыжь гупыжьр. Апхуэдэ Ашабэр щІалэм нышэдибэ пщІондэ ицІыхуатэкъым.

- СымыщІэ бжесІэнур, Миншакъ, апхуэдэу нэмэз уахътым уи нэ къышІыхуикІыр... - Іэнкуну къыдоплъей щІалэр.

- Ара узгъэпІейтейр? - погуфІкІ Миншакъ: - Мы дунейр, Мэрем, дыгъыу, дыгугІэу, дызэрызекъуэу дызытет мы дунейр, мо Бахъышысэрей и унэ дэгъуэхэмра и мэжджыт щхьэ хъурейхэмрэ зытет щІыр, мы дызыхэт гъащІэр - дэ дызэрыхуейуэ щымыт мы гъащІэр - хьэхуу! А зэрыхьэхууи Іэфіщ ар, мамыр къытщхъащІт закъуэмэ... Хьэкъыу си фІэщ мэхъу дигъэунэхун хьисэпкІэ лъэпощхьэпо зэхуэмыдэжэр къыпІэзыгъэтІылъ къару лъэщ гуэр ди щхьэщыгу къызэритыр. Си фІэщ быдэу мэхъу ар. СыфІолІыкІ а къарум... Ар гуащІэ лъэщу щымытатэмэ, иджыпсту нэмэз уахътыр сщІын хуейуэ сигъэхъуэпсэнт?!

Ашабэ Миншакъ апхуэдэу псалъэу хэт зэхихат! Джэрыджжэр лІым епІэри:

- Зыхуэхъынури сымыщІэ, Миншакъ, уи жьІэр...

- Зыхуэпхъынур, Мэрем, уэ езым уигу илъэжщ. ЖумыІэфу аркъудейщ. ПсэзэпылъхьэпІэ ущихуэм дек сыт пщІэр, Джэрыджжэ?! «СылІщ» жьпІэми, уэ нэхърэ нэхъ лъэщыжу къыпщхьэщыт а къарум фІэкІа гугъапІэ уимыІэжу, абы уолъэІу.

- А-а-а, ара зи гугъу пщІыр? - къогуфІэж иджы Мэрем, зэхэмыбзыр зэрызэхэкІыжам игу хуэзэгъауэ: - ФІэщхъуныгъэрщ, дауи, къару дзэзгъэщІри, дыкъэзыхъумэри. Аращ езыр диныр... ИтІанэ... Аращ зи къару лъэщ къыщтхьэщытыр. Миншакъ, а алыдж лІыжьым жиІам уи дзыхь телъ?

- Сыт щхьэкІэ шэч къытесхьэжынт сэ абы жиІам? Узрэ сэрэ зи гугъу тщІа а къытщхьэщыт-дыкъэзыхъумэм дыкуишагъэнт алыдж лІыжьмэ. - Ашабэр мэгупсысэри: - Дэ къабыл дымышІыр Къэсей хьэжьим и Іуэху зехьэкІэм хэлъ фэрыщІырщ. Мыдрейуэ, Іиманрэ динрэ зыбгъэдэмылъ цІыхур икІагъэм и щапхъэщ.

Мэрем тэлаикІэ гупсысэри:

- Сэри апхуэдэу къызолъытэ, Миншакъ.

- Ди гугъэхэмрэ ди жьІэхэмрэ я пэжыр Бахъышысэрей бззэрым дяпэкІэ щызэхэкІынщ, - къопсалъэ Ашабэр.

«Бахъышысэрей бззэрым къытеднар сыт? Сыт иджы къигупсысар?» - зэгуоп аргуэру щІалэр.

...Пщэдджьжь пасэщ. Къэбэрдей лІитІыр тыншу Бахъышысэрей дыхьэри бззэрым и фІыгъуэ дыдэм ирихьэлІащ.

Кърымым щыпасэщ гъэм и махуэр. Гъатхэри, Шэрджэсым елъытауэ, нэхъ псынщІэу къохьэ. Арагъэнщ кърым бззэрым пхъэщхьэмыщхьэщІэрэ хадэхэкІ зэмылІэужьыгъуэрэ куэду щыІетлъэр. Сатырхэм зэдекІуэкІыу щыбобІаГъу балыджэщІэ, къэлэр, бжьын, жэгундэ кІыхь. Мыбдеж щыкуэдщ балий морэ-фІыщІафэр. Хьэпсэгъэзэу дэщІеящ санэ пІыжьмыр, абы ибгъуКІэ щызэтощІэ санэ Іэтэ хужь. Кърымым хъыщымыкІ пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэхэри щымащІэхьым иджы Бахъышысэрей. НэгъэщІ щыпІэ хуабжэм ар къызыш сондзджэрхэм, я лъэ темыпІыэу, еужьэрэкІыурэ сату ящІ. НэхъыбзІыэу абыхэм ящэ былымыл, щынэл. Махъшэлымрэ шылымрэ я щІэупщІэр нэхъ уэрщ. ЛъэныкъуэгъэзэУ сату щащІ Іэщ зезыхуэхэм, зыщэжхэм. Апхуэдэхэри щыкуэдщ-тІэ Кърымым. Кълейщ, ерыскъыкІэ егъэлеяуэ къулейщ Бахъышысэрей!

Бззэрым тетхэр зэрызэпсалъэр тэтэрыбзэщ. Зззэмызэ къоІу алыдж е ермэлы гуэрхэм я псалъэмакъ. Урысбзэ е болгарыбзэ къащыхэззэрыхьри мащІэкъым. Апхуэдизу макъыбзэу зэхэужьыгъэурэ зэщІэвэ бзэ лІэужьыгъуэхэм адыгэбзэ къахэІуКІын къызыфІегъэщІри, Миншакъ зэпымыууэ зэщІодзІыкІ. Зым и уасэм щІоупщІэ. Къимыщэхунурэ пэт, адрейм и уасэм тоупщІыхьыж. Езым нэгъуеибзэр кьыІурыщэщу епхъ, и адыгэ тхьэкІумэхэр гъэкІауэ адыгэбзэ макъ поплъэ. Мэрем зэ зы пІыЗр, зэ адрейр къыхухэри, а къыхихам дагъуэ ирищІэкІыурэ егъэтІылъыж. АдэлэкІэ макІуэри, Ашабэм езым и щхьэ тырку ферс щІыкІу къыхуещэхуж. Ар бгъунэжу зыщхьэрегъэсри, къызэралъхуэр зэрихьар ферс фІэкІа умыщІэну, зэм дерхуей, зэми ирехуэкІыж. Тыркурэ нэгъуэйрэ пхузэкъмыгъэкІыу, езы лІым и нэгум зихъэжащи, Мэрем дыди къэуІэбжьыжауэ абы хуоплъэкІ.

Джэрыджжэм нэгъуей псалъэ зытІущ нэхъыбЗэ хуэзэпыщэркъыми, мыпсэлъэхэну Миншакъ унафэ къызэрыхуищІам тетщ. И гъуэсэм къыжриІэр ищІэ мыхъумэ, бихъ къыжьэдэмыкІыу бгъурытщ. Апхуэдэурэ бззэрыр къыщІэзэхалъхьам щхьэусыгъуэ иІэщ: Пафос зи гугъу къахуищІа лы щапІэ тыкъэн ІыкІурщ лІитІым иджмпсту къалъыхъуэр. Хадэхэ сатырхэм ябгъэкІра пэт, Мэрем къиІэгъуа бзэпхъугъэитІыр игъэщІагъэуэ:

- Мо тІур мыадыгэу си фІэщ хъуркъым...

Миншакъ абыхэм яхуоплъэкІри:

- Шэч мащІи къытумыхьэт абы!

БзыльхъугитІым я зыр къэбэрдейхэм къаІуоплъэри:

- Алыхьым и нэлатыр къыфтихуэ! ЛІы зэрыхуэфащэу, ди щхьэр лІыгъэкІэ фхуэхъуМакъым. Иджы мис, дыхэхэс къулейсыз жагъуэгъу бжьыкъэкІапэ дыщІокІуэдэж!

Хьэзабым и лейр зыгъэв бзэльхъугъэм и гыбзафэ тхьэджэр лІитІым гулыпщІэ уІэгъэжьу якІуэщІыхуат. Ашабэр игъэтрубжьауэ аратэкъым бзэльхъугъэм и жьІэм... Зэ ужьыгугъуэу, лІы хаужьыгуэ хабзэмэ, ар къыззэрыхъущкІэр и щхьэ-и псэкІэ лІым иджыпсту къыпкърыхьэуэ арт.

- Къэдлэжьатэкъым, ди шыпхъу, а къыдэбдзар, - щабэу къыдришеящ Миншакъ.

Бзэльхъугъэр нэхъу-нэхъуу Ашабэм къыІуоплъэри, къызыфІимигъэІуэхуу:

- ЗыкъэфщІэжамэ, Алыхьым и шыкурщ!

XVII

Мамсыр Нэкъар Беслъэнейм къиКІыжауэ, мэхъуэш щІынальэр зэпичырт. Зэгуэпырт иджы жаней щІалэр: здэщыгугъам щыщыІэкъым мы адыгэхэм я зэхэтыкІэр! Шум къэбэрдей пщы уэлийр къызэригъэгугъар - езыр зэрыхуейр (сыт езыр зэрыхуейр?), адыгэр зэрыщІытын хуейр а къыздикІуха адыгэхэм я псэм щаригуейхэм я бгы лъапэ Іуащхьалъэхэм нэблагъат жаней абрэджыр.

Шылъэ макъыр жьыжьэ джэуэрэ пщэдджьыжьыпэ уэмым хэжьыуэрт. А макъым екІупсу Мамсырым и гур зыщІыпІэкІэ къыщыпэрджэжьыр. А джэрпэджжьым щІэдэІуурэ, лІым нэхъри пІейтейр къытегуплІэрт. Нэкъар есат ищІа мурадым и Іэр техуэу. Ар зыпэрыхьар, гува-щІэхами, къехьулІэрт. Дауи, и щхьэ и унафэ ІэщІэлъыжти, езырат Іуэхур зэлъытар, и лы-гъэрт зытеухуар. Иджыпстурей Іуэхур Іэджэми якІэрыщІащ, дэтхэнэм игу уихьэу къэбгъэушыІ! Къуэувэну пІэрэ адыгэжэр Хьэтюхъущокъуэм? Мамсырым зэригъэзахуэ хьисэпхэр зэпэщІэувэжкъэ зэгуэпыр бампІэм хуэкІуэрт, бампІэм губжьыр къыщхьэдиКІыхьыжыри, ар зыхуэмыхьыну псэр щхьдзу къыщитхъырт. Арыххэуи лІым и псэм еущиен щІидзэрт. Абрэджхт Мамсырыр. Гъбжьрэ бампІэкІэ иращІыкІэр, дауи, апхуэдэлІтэкъым. Нэхьеиж щытыкІэ Іэджэрэ къикІат ар. Шылъэ макъымрэ бгъэн уІуэрэ иджмпсту зэрыпэзжьууэм щІэдэІуурэ Нэкъар егупсысыр:

«Сыт къэпхъынур губжькІэ? Мо пшагъуэбзм ІэштІым хуэбгъэдалъэри угубжьхьэщ. Мо пшагъуэр зэрынэф-зэрыдзэгум ещхьыркъабзэу, дэгу-бзагъэщ бампІэр. Сурэт сІэщІэзытхъахэри апхуэдэ дыдэу нэфы». Нэкъар иджы щІодэІуХэ и ужь-и пщІэдыжьнум. Абрэджым ещІэ: гум зи жуэпынжуэ къигъанэркъым лІыр зыгъэпІейтейхэр. Иджмпстуи мис:

«Иджыри къыздэсым адыгэ дунейм ухэмыбжьхэзъуэжьн пхузэфІэкІати... Сыт-тІэ иджы къэхъуар? Уезыхужьар лъэпкъ Іузхуу щытми, сыт уи щхьэ закъуэкІэ апхуэдизу зыщІэбухьыжыр?! УсцІыхужьыркъэ сэ уз? ТепыІэгъуэ умыщІэу уи щхьэр зыбохьэ. Пшагъуи къеІуэфэ, ди ныбжьэгъуныкъым. Зы уз гуэрым сыт щыгъуи уэзрехуэ. ЖылэщхьэрыкІыу дапщэщи укъэрехуэкІ... Къэзанокъуэм жиІар пщыгъупщат?.. Дыгъэр хэхаэу зы лъэпкъкъым зеір. Псоми я зэхуэдэ дыгъэр ар. Зэщхьу йодэхащІэ, зэщхьу ятопсэ...» Нэкъар ар имыдгъуэм гупсэлъэкъ:

«Къэгъанэт! Кърым хъанхэми, а зымыгъэнщІыж и зауэлІхэми, кьыфІ тэтэр зэпсейхэми гуапэу ятепсэрэ?! Адыгэ бзэльхъугъэ дапщэм я ныдж, адыгэ сабий дапщэм я гъащІэ Іыхьэ?! ЗагъэнщІыркъым... Іьы хуэлІэу хуейхэщ. Ахэра дыгъэр зытепсэр? Къэсей ефэндым уаз щиткІэ: «Алыхьым цІыху пэжжэр жэнэтым ишэнущи, гуэныхьІыкІэр жьыхьэнмэ дакъэу мафІэм пэрилъхьэнущ», - жи. Ар пэжу щытмэ, сэри абыхэм сащыщыпсу сыдащІэщ...»

«Гур зэрыкІуэдыкІыр и шэрхъщ» жиІащ пасэрей адыгэм. Нэкъар и щхьэкІэ игъэунэхуат а лъэпкъ Іущы-гъэм и пхъэшэр. Къэсынущ а губжь-шэрхъым дыщыхуэныкъуэжьыну пІаІэпэри. Абыи и зэман иІэжщ.

Мамсырым и щыр хуищІэу хэпыр-хьыкІри, лІым гупсысэ бзэджьхъыр зыпигъэщІэтыжащ:

- Сыт, Тхъуэжьей, укъысщІопыр-хьыхьри? Уигу ирихьыркъэ си гупсысэ? Уи щхьэ дахэшхуэм ирумыгъажэ сэ гуКІэ хэзэрэжьщэ зэпІещэ псор. Къыбгуроіуэ уэ, дауи, «хъунКІэрэ хъумэ» жыхуаІэр. Аращ сэри си гъэзрыгъуаэзэр: «хъуатэмэ, хъунКІэрэ хъунут!» е «хъунКІэрэ хъунщ, хъуэу щытмэ...» Мыкъ Тхъуэжьей, мы нэхущ пшагъуэр! АбыКІи дыкъэбзэжьнукъым уэрэ сэрэ. СыкъуанэщІ.. Сурэт си унэ жьэгу измышауэ, Хьэтлат1и малъхъэ зыхуэзмышІауэ... Иджы Хьэтлат1 сэри дызэхуэдэ насыпынэщ. ДыщІъэзакъэщ тІури. Мэзым дыщыщІэкІым, бгы тхьцІэм дыкІэрыхьэу дыдэтщ иджы, зыдухеижьн тфІэщІу! Сэ схуэдэ адыгэлІ дапщэ, Тхъуэжьей, апхуэдэу я щхьэ зэрахьэу къуршым ихьэжар? Сэ схьысщыщІам ещхь е нэхъ Іеиж - я щхьэгъусэрэ я бынрэ кърымхэм Іэщ-Іахауэ? Пэлъэщащ щІэпу къыщІэкІынщ, псорм дз тхуэдэу хьэхэбасэт-тІэ?!

Пшагъуэ псыІэм зызэлъэщІихьуэр зиукъэбзыпт. Нэкъар Псыбей жьлэм ижьыкъэзгъам, пшагъуэ пытхъахуэхэм зауцхьуэнтыжри, тафэ псыІэм тепщІыжыркъэ? НэщжэмкІэ екІуэсэхакІэт. Шыми, къзбэдзэуэжауэ, и тхьэкІумэ задэхэр эзблигъэпплъыт, и кІэр кІурыкІуу зэкІэщІихьыуэр игъэджэгуат.

Хьэлъэшхуэ гуэр дэиМ щхьэщахьжа нэхъей, пшагъуэ нэужьым хьэуар хуитуу къызэщІэрыуащ. ПщІащхэм уэфу уэсэпс тхьэгъу хьэлъэхэр къапощэт. Псыбей ІІэщІэжу зыщІыпІэкІэ мажэ: псы Іуфэ мывжкІэщъхэм едгэмэкъауэрэ щІэщхьыбкІыжу зрехьэх. БгъэхэрИ хуякІуэ-щакІуэ къежьащ, уэгум лъагэу щІыэблоу. Языхэзэхэм хуарзэрэ пэт мывэ джэрэзу зыкъраГъэхуэхри, аргуэрыжьу уафэм есурэ зыщыщІауПскІэж.

Шэджагъуэхуэпльэу иджы къулъшыжьщ. МыпІащІэрэ зеІэт дыгъэм. Нэкъар дыгъэ лъагъэщ иропльэ, уафэм елъэІуныр и гупыжу щыр къжьдекъуэри, и Іэгухэр еІэт... арыхэуи щІогуэжкри, шым йолъэдэкъауэ. Мамсырыр егупсысыр: «Шэджагъуэ нэмэзыр сщІынт... Си псэм къыбгъэдэкІыу зыхуэзгъэзэнт а дымыльагъуэ Къытщхьэщытым. Си гурыгъу узыр абы зыхищІатэмэ...»

Нэкъар и Іэгур шым и соку Іувым дильэуРэ аргуэру йочэнджэщ:

- Уэ дауэ уеплърэ, Тхъуэжьей? Дэтхэнэм сельэІумэ нэхъыфІ - ди Дыгъэмрэ муслъымэнхэм я Алыхьымрэ? Сыкъэмыпщащэрт иджыри, бетэмал! Сэ хуэдщІэрэ сыкъыщыпщІащ мы гъащІэм. МызыгъэгукІэ сумыгъэщхьэрыуэ, Тхъуэжьей. Ухьилэшыщ уэри, си къуэш! Щхьэ жумыІэу зыбгъэпІа... Дыгъэри мес, губгъэм къытхуищІу къоплъых. ИтІани, Сурэт и хьэтырКІэ (уэ ощІэ Сурэт исльам диныр залымыгъэкІэ къызэрырагъэщтар) нэмэзыр сщІынщ. Хэт ищІэрэ... Ди ефэнды нэмыхъусхэм зи гугъу ящІ Алыхьым умыщІэххэу сызэхихыни хэпІщ....

Псынэм зэрынэсу абрэджыр къэуВыІэри шыр мэз удзыпІцІэм хиутІыпщхьащ, езыми андез къищтэри, къаблэмкІэ гъэзауэ уващ. Зыбжанэрэ къытригъаззу «КъулъхуолэР» хьэрыпІбзэкІэ къибжа нэужь, лъэгуажьэмыщхьэу тІысри адыгэбзэкІэ: «ДыгЪэми емыщхьу, Алыхь лъэщ! СынолъэІу, сыхыумын уи гущІэгъуэм. Си лъэІур зэхэщІыкІи, Сурэт тхьэмыщкІэ сэрэ гъэгу къыдат. Алыхь лъапІэ, уэ ощІэ Сурэт хуэзгъафІэ гухэлъым и къабзэр! СынолъэІу, Алыхь, Сурэт а здашам лей къыщытумыгъэхьэну! СынолъэІу Сурэт Іейм щыпхъумэну! Уи жьыгъэ щхьэщыгъэт а пщащэм. СынолъэІу, Алыхь, дэ тІум ди насып зэхэплъхьэну. Лей къытхІэпльэзэхьхэ кърымхэми дащыхъумэ, Алыхь лъапІэ! Къару къытхэлъхъэ хъаныдзэм дрипщІэувэну! Алыхь лъэщ, уэ зырщ къыздэзыщІэр си псэм нэхугъэрэ мурадыфІу ильэр. Уи пащхьэ лъагэми гукІэ сыщыкъабзэщ».

Мамсырыр иджыри а зэрыльэгуажьэмыщхьэт, и щІыбагъымкІэ шылъэ макъ къыщыІуам.

Тхъуэжьей пІейтейуэ щыщащ. Жаней абрэджыр зэпльэкІыххакъым. И гупсысэм жьжьэу кІэльыльаІуэрэ нэмэз зытрищІыхьа щІалэуэр ишыхьжьри, итІанэщ шылъэ макъыр къыздикІымкІэ зыщІигъэзар.

- Мы сэ слъагъур! Нэкъар?! Іичрам къэпхьжауэ ара? Нэмэз уощІри, - жыг гуэрэным шууэ къыхэкІа Абрэдж Мырзэбэч хъурджауэри ауанри эдигъэшэрыуэрэ къоблагъэ.

- Зэрыплъагъущ, Абрэдж и къуэ, - недзыж абы Нэкъар.

Мырзэбэч и лъэужьыр кІэщу иЫыгъыу нэгъуейр къэсри:

- Пльагъуркъэ а Іэщэкіэ зэщІэуэзДауэ Алыхьым и пащхьэ иувар! - и закъуэу жримыІэфынур, Мырзэбэч къыкъуогушхуКІри, хуиту иреупЦ дащащи зыщІышынэ жанейм.

- НтІэ, Алыхьыщ иджыпсту лъэгуажьэмыщхьэу зи пащхьэ сыщІлъэІуар, - игурэ и щхьэрэ зэтелъу, къопсалъэ Мамсырыр.

Іэта-Ильяс нэбгъэзкІэ йоджжбауэри, жаней абрэджыр щабэу Тхъуэжьей хущІофиеж. Шыр зейм къыбгъэдохьэ. Нэкъар лІитІыр зыфІимигъэІуэхуу абы жреІэ:

- Шухэм фІэхъус епхьркъэ, си къуэш...

Тхъуэжьей папщэу, и пэщхъэныр щигъаджжкІэ, Мырзэбэчрэ Іэта-Ильяс ерэ къэуІэбжьауэ зоплъыжри, тІури зэкІэлъхьэжьуэ йопсых.

- Фыкъеблагъэ, фымыпІащІэу щытмэ, - къопсалъэ жанейр.

Мырзэбэч ауанышІу:

- Къъэдрдей ауанышІу: пцІыупсхэм я егъэблэгъэкІэ пщІыуэ ара? Сыти уи быСым мыгъуэ уэ? Убжэгъукъым, угъуапэкъым.

- Дауэ сымыбжэгъурэт! - Нэкъар и Іэплъэкэр зэщІекри, мэз щхьэнтІэ уфафэмкІэ и щхьэр ещІ. - Нэм кьиплъыхьыр сищІ. Си гъуапэщ икІи си тепІэнщ. Псори сэращ зейр. Аратэкъэ быСымфІым и хъуэпсапІэр. Мыдрейуэ, зэхэсредей адыгэхэм уадэхьэфыщІеину уэзрыхэтыр - ар уи щхьэ зэрытебгъэуж шыпсэщ. Адрей уи шыпсэ гуэрхэм ещхьщ.

- Куэдыщэ жыІоІэ. Уэри, сэри, дызытет мы щІынальэри Кърымымрэ Къаплъэн-Джэрий хъанымрэ яйщ. Мыдэ... дыгуваш, сишри йощІокъуаУэ. Дызэгъэзыужжэ щыкІэ, жаней.

- Абрэдж и къуэ, уи напщІэм куэдыІуэ теплъхьэркъэ?! Зишрэ зи фызрэ зыхъужэкІыр хэтми пщІэкрэт?

- Мамсыр и къуэ, Кърымыр пэщІэщІэгъу зыщІахэм ятепсыхар пщІэжыркъэ? Мы дуней хьэхум иджыри утетыну гугъэ пщІыуэ щытмэ...

- Мырзэбэч, хъанхэм зэрахьэ лейм уэ уримыэркъ. Пэж жыпІэмэ, лъыгъажэншэу дызэпсегъэзэ. Укъыспэлъэщрэ си уанэгу сыкъыбдзмэ, укъысТекІуаеу арщи, уи жьІэр си унафэщ.

- Еплъыт абы къигупсысхэм!.. - Абрэджыр дыхьэшхыпцІу Іэта-Ильяс хуоплъэкІ.

- Уэ пхуэдэ-тІэ сэ псэпеІэр? Алыхьым адэкІи ГъащІэ кІыхь къъуит, ауэ... зыплъагъужу къыщІэкІынкъым. Нэкъар! Уэахуэщ. Дэ тІур дызэзырЪэлІыну инухагъэщІ... Убыд, нэгъуей, уи шы ІуМпІэр. Сыгъэшэх зи шым.

Мырзэбэч шэч мащІи къытрихьэрэтэкъым мо абрэдж къуэгъур тІэрабгъуу шым къызэрыридыкынум: езыр Іэчлъэчрэ хьэлъэмэ, и Іэпщэжэр, Іэдэ дзэпкъыу, быдэмэ, и уанэгу щхьэнтэр зэгъэмэ, и шы лъэрыгъыр жьырмэ! Куэдрэ ар?!

Нэкъар шыбгым зредзэжри:

-Уи Іэижьыр си сэмэгурабгъуу къысПэуВ!

- УІэсэмэгуу ара?

- Хьэуэ, си сэмэгури уэркІэ куэдыщэу арщ.

ШууитІыр зэрыжаІам хуэдэу зэпэуВащ, зэпикІуэтыжри, зыр адрейм хуэкІуэурэ зэпеІэн щІадзащ. Абрэджыр щІыпІъ-морафэу къыщэщІэнащи, хьэуэ хуримыкъуу мэпапщ. Дэ тІур дызэзырЪэлІыну якуатэжыщ... Убыд, нэгъуей, уи шы ІуМпІэр. Сыгъэшэх зи шым.

Мырзэбэч шэч мащІи къытрихьэрэтэкъым мо абрэдж къуэгъур тІэрабгъуу шым къызэзрыридыкынум: езыр Іэчлъэчрэ хьэлъэмэ, и Іэпщэжэр, Іэдэ дзэпкъыу, быдэмэ, и уанэгу щхьэнтэр зэгъэмэ, и шы лъэрыгъыр жьырмэ! Куэдрэ ар?!

Нэкъар шыбгым зредзэжри:

-Уи Іэижьыр си сэмэгурабгъуу къысПэуВ!

- УІэсэмэгуу ара?

- Хьэуэ, си сэмэгури уэркІэ куэдыщэу арщ.

ШууитІыр зэрыжаІам хуэдэу зэпэуВащ, зэпикІуэтыжри, зыр адрейм хуэкІуэурэ зэпеІэн щІадзащ. Абрэджыр щІыпІъ-морафэу къыщэщІэнащи, хьэу

«ЛІыхъужьхэр» Къуэбыдэ деж щагъэлъапІэ

1864 гъэм накъыгъэм и 21-м дунейр уфауэ, кІагъэпшагъэу, къепсэпсауэу нэху щащ. Къуэбыдэ (Мзымтащхьэ, убыххэм я лъахэм - иджы Красная Поляна жылагъуэм) щиувыкІа дзэм я гуфІэгъуэт: Кавказ зауэр иухат, абы и саулыкъукІэ Къуэбыдэ нобэ парад щекІуэкІынут.

МАХУЭР сыхьэт 11 хьэщ. Іуащхьэм къытеуващ Кавказым и тет дзэпщышхуэр - урыс пащтыхым и къуэш Михаил Николаевич. Абы къыбгъэдэтт генералхэр, офицерхэр, Георгий орденыр зратахэр. Тхьэ елъэІуа нэужь, дзэпщыр Іуащхьэм къехри, адэ-мыдэкІэ щиувыкІа полкхэм, батальонхэм, щуздзэхэм фІыщІэ яхуищІащ, «мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іуэху хьэлъэр зэрызэфІагъэкІам папщІэ». Дзэпщым жиІащ: «ГуфІэгъуэм сызэщІиІэтэу, фи лІыгъэм и пщІэр сльэтэу, Кавказ армэм и дзэлІ хахуэжэм сынывохуэхъу... Кавказ зауэм кІэ зэриГъуэтамкІэ. Зауэм къыщыбгъэльэгъуа фи лІыгъэмкІэ, гугъуехьым фыпэлъэщурэ, фэ къулыкъу ин дыдэ хуэвлажьащ лІыгъэм срогушхуэ сэ».

Кавказ зауэм «лІыгъэ щыэеэхьхахэм» я пщІэр текІуэдакъым урыс пащтыхым. Дзэпщым, Михаил Николаевич, кратащ Георгий орденым и 2-нэ нагъыщэр, налкъутналмэскІэ гъэщІэрэщІа сэшхуэ, «Кавказ зауэр зэриухам и щыхьІ» псалъэр тетхауэ. Пащтыхыр «и къуэш хахуэм» кьехъуэхъуащ «илъэсищэрэ Ілыхъужьхэм! Мы нобэрей щэ ныкъуэрэ и пэкІэ бгырыс Іэлхэм эхаубла лъыгъажэ зауэм кІэ зэрыритам щхьэкІэ». «Нобэ щыщІэдзауэ, - бгырысхэм я лъахэм щагъэжа лъэмрэ щызэрахьа «лІыгъэмрэ» я уасэу.



Георгий орденым и 2-нэ нагъыщэр кратащ граф Евдокимовым. Абыи кьехъуэхъуащ пащтыхыр: «Илъэсищэрэ щэ ныкъуэкІэ дызыхэта зауэ гуащІэм кІэ езытар уэращ, уэ пхуэзфІэкІащ щІыналъэ дзаюр бгырыс Іэлхэм кьаІэщІэпхын...»

Дамыгъэ лъапІэхэмрэ фэеплъ бэракъхэмрэ иратащ адыгэ лъахэм лъы щызыгъэжа полк, батальон, щуздзэ псоми.

ЭСАДЗЕ Семён
зэритхамкІэ.
1914 гъэ

● КъАХ-м и тхьэмадэм и псалъэ

Пэжым лъэпкъхэр зэкъуегъэувэ



Накъыгъэм и 21-м Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 156-рэ ирокъу. Цыху тхыдэм зэи къыщымыкъуэуэ ар кІыхьт икІи гущІэгъуншэт. Къэралхэм, лъэпкъхэм ящыщ куэд щыгъуэзэкъым лъапсэрыс зэрыукІым. БлэкІа лІэщІыгъуэрэ ныкъуэм а гуэзвэгъуэр иджыри цІыхухэм я лъым хэтщ, зауэм и уІэгъэхэри кІыжакъым, сыту жыпІэмэ абы и жыр нобэ псэу къэбэрдейхэми, кІахэхэми, шэрджэсхэми, шапсыгъхэми къащІеху.

ДЭ ДИ псэм хэлъ зэпытщ тхыдэр къызэрыдэкъуэнэзкІар, сыту жыпІэмэ ди зэманми Урыс-Кавказ зауэм и пэжыр, адыгэ лъэпкъыр абы зыхидза гуэзвэгъуэр хэІущІыУ ямыщІыну хэтщ.

1763 - 1864 гъэхэм екІуакІа зауэр къызэрагъэльагъуэр зэтехуэркъым, сыту жыпІэмэ дэтхэнэ лъэпкъри абы езым и нэкІэ йоплъ. Апхуэдэу щыщыткІэ, лъэныкъуитІри зэгурызыгъэІуэфынур, зэжаІэ дэ абыхэм драгъэр хуэдэу, дыхьэкІэкхъуэкІэ защІэу, гущІэгъуи тхуэмыфащэу, унафэ е хабзэ гуэрми дыпхуэмыувэлІэну. Лъэпкъышхуэ дыдэщ инджылызхэр, дыззэхащІыкІынкІэ дащогуть, ауэ дэ дыхьэжІэжъуэкІэмэ, зыми емыдаІуэ дыхъунщІакІуэмэ, ди хьэтыр къремыльагъу, нэкІи къыдремыплъ.

СультІаным псалъэ еттауэ щытащ дэ, ауэ ар ди лъэныкъуэ хъунукъым, Урысейм ди нэщІыбагъкІэ гурыІуащи. СультІаным ещІэ Урысейр кьызэрыдзэауэр, итІани абы ІоплъэІу, щэхуу гурорІуэ: уи Іэмыщ1э имылъым и унафэр дауэ зэрыпщІынур? Дэ дыгъэркъым, дыпщэ, дыпт хъуну. Пэжщ, дызэкІэщІэчащ, дыщцызэгурымыІуэр нэхъыбэщ, зы унафэм деувалІэркъым - араща ди мыгъуагъэ псори кьызыхэкІыр. Ауэ дэ дыщхьэхуитщ, ди щхьэхуитыныгъэращ дызыщІэззэр, ар хамэм и Іэмыщ1э итлъхьэн муради диІэкъым.

Шэрджэс меджлисым (парламентым) къэралІыщхьэхэм зэрызахуигъэза псалъэм щыщ.
1861 гъэ.

Шэрджэс парламент

Зауэр кІуэ пэтми нэхъ къащытехьэлъэм, адыгэ тхьэмадэхэм къагурыІуащ лъэпкъ псоми я къарур зэщІамыгъэуІуауэ я хэкум къиужьгъа дзэм зэрыпэмылъэщынур. Убых дзэпщ цІэрыІуэ Бэрэздж Джырандыкъуэ и жэрдэмкІэ, 1861 гъэм мэкъуауэгъуэ маззм и 13-м Сочэ псыхъуэ щыщхьэщ щапсыгъхэм, абазэхэхэм, натхъуэджхэм, убыххэм я лІыкІуэхэм я хасэ. Шэрджэс къэралыгъуэ къызэгъэпэщын хуейуэ унафэ ищІащ хасэм, абы и унафэр ІэщІалъхьащ Лъэпкъ зэхуэсыгъуэм (меджлисым е парламентым). Меджлисым и лэжьыгъэр иунэтІын хуейуэ лІыкІуэ (депутат) 15-м я пщэ далъхьащ; меджлисым и тхьэмадэ хъуащ Бэрэздж Джырандыкъуэ.

МЕДЖЛИСЫМ и унафэкІэ, Шэрджэс къэралыгъуэр щыналъэ 12-у зэгурыІуащ, щыналъхэхэм я тхьэмадэхэр хахащ. Унагъуищэ къэс шууитху ягъэшэсын хуейуэ зэгурыІуащ лІыкІуэхэр - зауэм щигуащІэгъуэ зэманым ар къаруушхуэт: Шэрджэс къэралыгъуэм и дзэм зэрыпхъуакІуэхэм удын хьэлъэ зыбжанэ ирадзын хуэзфІэкІащ, хы Іуфэм къыІуащІыхьа быдапІэхэм ебгъэрыкІуащ. Шэрджэс парламентым и лІыкІуэхэм зыхуагъэзащ европей къэралхэм, къэралыгъуэ къызэрызэрагъэпэщащ, я хуитыныгъэм щхьэкІэ ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэр зэпагъэуН мурад зэрамыІэр дуней псом щагъэІуащ. Абы нэхъри кьигъэгубжьащ урыс дзэпщхэр. Дагыьстэнымрэ Щэшэмрэ зауэр щыувыІати, Кавказым и дзэм и нэхъыбэр (мин 270-рэ) Шэрджэсым къраутІыпщащ, хы Іуфэмкіи Псыжь лъэныкъуэкіи къыщебгъэрыкІуащ. 1862 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 19-м генерал Колюбакин и дзэр Сочэ псыхъуэ къыдэужьгъащ, Шэрджэс парламентым и унэр ягъэсащ...

Кавказым къыщыкІуам щыгъуэ пащтыхь Александр ЕтІуанэм хуэзащ шэрджэс лІыкІуэхэр. Ахэр арэзыт, хэкум къранэмэ, Іэщэр ягъэтІылъу Урысейм и Іэмыщ1э зралъхьэну. «Мазэ пІалъэ фызот, - къажриІащ пащтыхым. - Мазэ дэкІмэ, граф Евдокимовым хъыбар евгъащІэ: Псыжь губгъуэ фидгъэтІысхьэну вжеГІащи, фыарэзы; абыкІэ фымыарэзымэ, Тыркум фыІэпхъуэ». ШэдыпІэ губгъуэм итІысхьэ нэхърэ Тыркум Іэпхъуэмэ, нэхъ къащтащ шэрджэсхэм...

Меджлисым и лІыкІуэхэр Тыркум, европей къэралхэм ягъэкІуащ, ахэр зыдагъэІэпыкъун щхьэкІэ, ауэ абыхэм къыхуащІа щыІэкъым, къадзІэпыкъункІэ къагъэгугъа фІэкІа. Зыри яхуэфІэкІакъым Истамбылрэ Лондонрэ къыщызэрагъэпэща Шэрджэс комитетхэм - ахъшэ гуэрхэр, Іэщэ-фащэ мащІэ тІэкІу, шыгъу, гын къэп зыбжанэщ европей къэралхэм ягу пыкІар, шэрджэсхэм я бэнэныгъэм къыхъхьэн ядэхакъым, Урысейм фІэлыкІри. Меджлисым европей къэралхэм зэрызахуигъэза Пса-лъэм къигъэдзыхаІакъым, ар уеблэмэ яІэрымыхьа нэпцІ защІащ, яІэрыхьэпами, Лондони, Парижи, Истамбыли жэуап къикІакъым. Нэхъ гурыІуэгъуэу жыпІэмэ, бгырысхэр утыкум къинащ...

УРЫСЕЙМ зауэ къызэрыдищІылІэ лъандэрэ зы къэрали кавказ лъэпкъхэм къыддэІэпыкъуакъым. Тырку сультІаным деж куэдрэ дгъэкІуащ лІыкІуэ, къытхъуэувэнкІэ дыкъыдзІэпыкъункІэ дыщыгугъыу, ауэ абыи къытхуищІа щыІэкъым. Персиеми дгъэкІуащ лІыкІуэ, иужьрейуэ Мэхьмэт Алий зыхуэдгъэзащ, ауэ абыхэми, дыкъагъэгугъа фІэкІа, дызэхащІыкІакъым. Шэрджэсыи и лІыкІуэхэм я пщэ дэтлъхьауэ щытащ Урысейм къыдищІылІа зауэр къызэрыттехьэлъэм и хъыбар къэрал лІыщхьэхэм я деж нагъэсын хуейуэ: дэ ди хабзэхэрэр ди динри нэгъуэщІщ, арыншамэ Урысейр апхуэдизрэ щхьэ къыдзэхуэн хуейт?

Псоми ящІэн хуейщ урыс инэралхэр зэрыгъэзэжащ европей къэралхэм, къэралыгъуэ къызэрызэрагъэпэщащ, я хуитыныгъэм щхьэкІэ ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэр зэпагъэуН мурад зэрамыІэр дуней псом щагъэІуащ. Абы нэхъри кьигъэгубжьащ урыс дзэпщхэр. Дагыьстэнымрэ Щэшэмрэ зауэр щыувыІати, Кавказым и дзэм и нэхъыбэр (мин 270-рэ) Шэрджэсым къраутІыпщащ, хы Іуфэмкіи Псыжь лъэныкъуэкіи къыщебгъэрыкІуащ. 1862 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 19-м генерал Колюбакин и дзэр Сочэ псыхъуэ къыддэужьгъащ, Шэрджэс парламентым и унэр ягъэсащ...

Кавказым къыщыкІуам щыгъуэ пащтыхь Александр ЕтІуанэм хуэзащ шэрджэс лІыкІуэхэр. Ахэр арэзыт, хэкум къранэмэ, Іэщэр ягъэтІылъу Урысейм и Іэмыщ1э зралъхьэну. «Мазэ пІалъэ фызот, - къажриІащ пащтыхым. - Мазэ дэкІмэ, граф Евдокимовым хъыбар евгъащІэ: Псыжь губгъуэ фидгъэтІысхьэну вжеГІащи, фыарэзы; абыкІэ фымыарэзымэ, Тыркум фыІэпхъуэ». ШэдыпІэ губгъуэм итІысхьэ нэхърэ Тыркум Іэпхъуэмэ, нэхъ къащтащ шэрджэсхэм...

Меджлисым и лІыкІуэхэр Тыркум, европей къэралхэм ягъэкІуащ, ахэр зыдагъэІэпыкъун щхьэкІэ, ауэ абыхэм къыхуащІа щыІэкъым, къадзІэпыкъункІэ къагъэгугъа фІэкІа. Зыри яхуэфІэкІакъым Истамбылрэ Лондонрэ къыщызэрагъэпэща Шэрджэс комитетхэм - ахъшэ гуэрхэр, Іэщэ-фащэ мащІэ тІэкІу, шыгъу, гын къэп зыбжанэщ европей къэралхэм ягу пыкІар, шэрджэсхэм я бэнэныгъэм къыхъхьэн ядэхакъым, Урысейм фІэлыкІри. Меджлисым европей къэралхэм зэрызахуигъэза Пса-лъэм къигъэдзыхаІакъым, ар уеблэмэ яІэрымыхьа нэпцІ защІащ, яІэрыхьэпами, Лондони, Парижи, Истамбыли жэуап къикІакъым. Нэхъ гурыІуэгъуэу жыпІэмэ, бгырысхэр утыкум къинащ...

Адыгэхэр дызэтраукІэмэ, хэт и фейдэ хэлъ абы?

щІыфхэздгъэкІуар, ауэ ди лІыкІуэхэм я псалъэр зыми зэхищІыкІакъым, зыми къилъэгъуакъым ди хьэтыр. ДызэхащІыкІрэ ди бэнэныгъэм къыхьхьатэмэ, сыт хуэдиз зауэлІ хахуэм я пашэ хъунут сультІаныр, сыт хуэдизым я гур къихьэхунут абы!

Урысейм и закъэкъым дунейм тетыр - къэрал Іэджэ тетщ дунейм. Урысейм нэхърэ нэхъ къэрал ини нэхъ лъэщи зэрыщІэм шэрджэсхэр дыщыгуазэщ. Дыщыгуазэщ Инджылызри Франджыри гуэвэгъуэ хадзэ лъэпкъхэм къаззрыщхьэщыжьым. ИтІани къыптъэгъэпщІыр, я сэлэтхэр зэрыгущІэгъуншэр. Шэрджэсхэр дызэтраукІэмэ, хэт и фейдэ хэлъ абы? Псори якІуддэщІын хуейщ адыгэхэм! Урыс сэлэт мин Іэджэ къыдаутІыпщащ дэ, Іэпх-лъэпх дызэращІынщ зи ужь итыр, дыкъаухъуреихьауэ. Дэ дауэмэ, фэ къыВащІылІэнущ зауэ. Ди щхьэм и закъуэкъым дэ дызыхуэзаХуэр. Дэ дызыІэщІалъхьэмэ, Тыркуми нэсынурэ абыи къыщызэтеувыІэнукъым - араща иджыпсту фыкъыддэІэпыкъун щІыхуейр.

Ар нывжеГъэІэн щхьэкІэщ ди лІыкІуэхэр ныжаІэ дэ абыхэм драгъэр хуэдэу, дыхьэкІэкхъуэкІэ защІэу, гущІэгъуи тхуэмыфащэу, унафэ е хабзэ гуэрми дыпхуэмыувэлІэну. Лъэпкъышхуэ дыдэщ инджылызхэр, дызэхащІыкІынкІэ дащогуть, ауэ дэ дыхьэжІэжъуэкІэмэ, зыми емыдаІуэ дыхъунщІакІуэмэ, ди хьэтыр къремыльагъу, нэкІи къыдремыплъ.

СультІаным псалъэ еттауэ щытащ дэ, ауэ ар ди лъэныкъуэ хъунукъым, Урысейм ди нэщІыбагъкІэ гурыІуащи. СультІаным ещІэ Урысейр кьызэрыдзэауэр, итІани абы ІоплъэІу, щэхуу гурорІуэ: уи Іэмыщ1э имылъым и унафэр дауэ зэрыпщІынур? Дэ дыгъэркъым, дыпщэ, дыпт хъуну. Пэжщ, дызэкІэщІэчащ, дыщцызэгурымыІуэр нэхъыбэщ, зы унафэм деувалІэркъым - араща ди мыгъуагъэ псори кьызыхэкІыр. Ауэ дэ дыщхьэхуитщ, ди щхьэхуитыныгъэращ дызыщІэззэр, ар хамэм и Іэмыщ1э итлъхьэн муради диІэкъым.

Шэрджэс меджлисым (парламентым) къэралІыщхьэхэм зэрызахуигъэза псалъэм щыщ.
1861 гъэ.

Лъэпкъым и дахагъэр къыщежьэр

ШЭРДЖЭСХЭМ я лъахэр тельыджэщ, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыкІуэдыкІеИщ, ящсэр кьабзабзэщ, мэзыр я гъунэжщ. Хьэуар абы щыкъабзэ дыдэщ, зэгъщ. Шэрджэсхэр зэрыльэпкъ дахэр зи фІыщІэр араУэ сольэтэ. Лъахэ дэгъуэ дыдэ зэрысимрэ гъэсэныгъэ тэмэм зэрахэлъымрэ лъабжьэ хуэхъуащ дауэ лъэпкъым и дахагъэм.

***ФЕРРАН**, франджы дохутыр. 1702 гъэ*

Адыгэхэр я адэжь хэкум ираху.
Сурэтыр 1864 гъэм ящІащ.

● Хъуэхъу

Псыгуэнсу курыт школым и егъэджакІуэ Къардэн Аринэ Борис и пхъум деж

Зыпэрыт лэжьыгъэ мытыншым ехьулІэныгъэ куэд щиІэну, гурэ псэкІэ зыбгъэдэт Іуэхум кьрит гукъыдэжьр хэхъуэ фІэкІа мыкІуэщІыну, и нэІэ зытет цІыкІухэм ящыгугфІыкІыу, абыхэм я зэфІэкІым ирилъагэу, я гулъытэм щымыщІэу псэну ди гуапэщ. И узыншагъэкІэ, унагъуэкІэ, лэжьыгъэкІэ, нэгъуэщІ сыт и лъэныкъуэкІи гуныкъуэгъуэ лъэпкъ имыІэну ди дыхуохъуахъуэ Аринэ. Ди быныМ къаззрыхущытамрэ къахуиІа гу хуабагъэмрэ, кьарита щІэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ папщІэ дыхуэарэзыщ, Тхьэм иригъэфІакІуэ!

4-нэ классым къыщІигъэкІа сабийхэм я адэ-анэхэм къабгъэдэкІыу
КЪУЭШЫРОКЪУЭ Заринэ.

● Футбол

Къумыкъу Виктор Узбекистаным егъэзэж

1996 - 1998 гъэхэм Налшык и «Спартак»-м и тренер нэхъыщхьэу щыта Къумыкъу Виктор и унафэм мыгувэу щІэувэнщ Узбекистаным и футбол командхэм ящыщ зы. Азие Курытым щыІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм къызэратамкІэ, илъэс 57-рэ зи ныбжь адыгэ ІэщІагъэлІ цІэрыІуэм дяпэкІэ игъэсэнущ а къэралым и дивизион нэхъыщхьэм щыджэгу «Андиджан»-р.

УЗБЕКИСТАНЫМ и чемпионатым командэ пщыкІуплІ щоджэгу. Къумыкъу Виктор зи тренер нэхъыщхьэу ягъэув «Андиджан»-м абы щиІыгъу епщыкІуэнэ увыпІэращ, зы очко закъуэ фІэкІа иджыри къэс зыІэримыгъэхьэфауэ. Пэжщ, мыгъэрей зэхъуэзэхуэм зэрыщІидзэрэ ирагъэкІуэкІари джэгугъуищ къудейщ - дуней псом зыщызыуфбгъуа коронавирус уз зэрыщІалэм и зэранкІэ, адрей къэралхэми хуэдэу, зэпеуэр зэхъэзэтрагъэувыІащ.

КъызэрыхагъэщымкІэ, «Андиджан»-м и унафэщІхэмрэ Къумыкъу Викторрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэгурыІуакІэщ икІи зыхуэфащэ тхьылъымпІэхэм Іэ тредзэнущ, Узбекистаным карантиныр щыІуахьжмэ. Абы иужькІэщ зыкъыгъэсыжащ ящІэнурэ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, Узбекистаным футболымкІэ и чемпионатым мэкъуауэгъуэ (июнь) мазэм щидзэжынущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, илъэс 1ощІым щІигъауэ, зэфІэкІ лъагэ къигъэлъагъуэу, Къумыкъу Виктор Азие Курытым и командхэм ядолажьэ. Къапщтэмэ, нэхъапэм зэи къэмыхъуауэ, Караганда и «Шахтёр»-р Къзахъстаным щынэхъ лъэщ дыдэ ищІащ икІи Европэм и Чемпионэм я лигэмрэ УЕФА-м и кубокымрэ ехъулІэныгъэкІэ щигъэджэгуащ. КъищынэмыщІауэ, Азие Курытым и командэ куэдым я тренер нэхъыщхьэу щытащ икІи лъагапІэкІэхэр кьаригъэщтащ. 2011 - 2013 гъэхэм Къзазахстаным и тренер нэхъыфІу къалытащ, а къэралым и командэ къыхэхар ди лъахэгъу Красножан Юрэ дэщІыгъуэу зыгъэсахэм яхэтащ.

И хамэкъым Къумыкъу Виктор Узбекистаным и чемпионатри. Абы щыджэгуэу «Машъал», «Насаф» командхэр ехъулІэныгъэхэр иІэу игъэсащ. Япэм дэщІыгъуу къэралым и кубокым и финалым нэсащ, етІуанэм зэхъэзэхуэм и домбеякъ медалхэр тІэунейрэ къригъэхьащ.

«Андиджан»-м и тренер нэхъыщхьэу ягъэувын и пэкІэ Къумыкъу Виктор зэпсэльэныгъэхэр ядригъэкІуэкІащ а къэралым и чемпионатым и дивизион нэхъыщхьэм хэт Навои кьалэм и «Къызылкум» командэм и унафэщІхэм. Арщхьэкіэ лъэныкъуэхэм я Іуэху еплыкІэхэр зэтехуакъым.

«Азием Іэмал къызитащ си зэфІэкІыр здынэсыр къззгъэлъэгъуэну. Абы къыхэкІыу ар фІыуэ солъагу», - щыжиІащ Къумыкъум и интервьюхэм ящыщ зым. Адыгэ щІалэм и Іуэхухэр щыпІэ жыжьэм адэкІи щефІэкІуэну ди гуапэщ икІи и екъулІэныгъэхэм теухуа хъыбарыфІхэм дяпэкІи дыпэплъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Хъуэхъу

Шэрджэс парламент

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къзбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм гущІыхьэ щыхъуауэ хъыбар фегъащІэ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран, цІыху къызэрымыкІуэ, цІыхухэм пщІэшхуэ зыхуащІу щыта **Аттаев Хусей Азнор и къуэр** дунейм зэрехьыжамкІэ икІи абы и унагъуэм, и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдит Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщ1эмыщ1 Зарифэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэнигъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэхэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтэ Іуэн къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ; жэуап зыхь секретарь ***Къаншокъуэ Эллэ****, редактору* **ЖылаСэ Заурбэч****, корректорхэр* **ЩхьэщэмыщІ Иэз** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.110 ● Заказ №962